

# Lontar Using

Ngular Basa Njaga Adeg Jejege Jati Diri Bangsa  
MAJALAH BASA USING

**Muatan Lokal Bahasa Using,  
Mbangun Karakter Murid**

**Kang Son, Budayawan Pejuwang**

**Organologi Angklung Banyuwangi**


**Devi Fitriyani Sindhen Using Banyuwangi**



BALAI BAHASA  
JAWA TIMUR



# Lontar Using



## Daftar Isi

<b>DKB Nggelar Lomba Angklung Caruk Lan Koor Basa Using</b> <i>HS</i>	<b>2 Kang Son, Budayawan Pejuwang</b> <i>M. Oktavia Vidiyanti</i>	<b>Pecel Banyuwangi</b> <i>HZ</i>	<b>32</b>
<b>Seblang Olehsari Lancar ring Taun Iki</b> <i>Syaiful</i>	<b>Riwayat</b> <i>M. Oktavia Vidiyanti</i>	<b>19 Bubare Kerajaan Mojopahit lan Ngadege Kejaraan Balambangan</b> <i>M. Hidayat Aji WR.</i>	<b>33</b>
<b>Organologi Angklung Banyuwangi</b> <i>Moh. Syaiful</i>	<b>3 Muatan Lokal Bahasa Using, Mbangun Karakter Murid</b> <i>5 Hasan Basri</i>	<b>23 Gembrung</b> <i>HS</i>	<b>36</b>
<b>Ngerandu Singomanjuruh dadi Bumi Angklung</b> <i>Hasan Sentot</i>	<b>5 Bucu Basa Using Homonom ring Basa Indonesia lan Basa Using</b> <i>Satria Pujangga</i>	<b>23 Kelendi Nggawe Syair Gending Banyuwangi hang Enak?</b> <i>Elvin Hendratha</i>	<b>38</b>
<b>Ngerandu Surup Serngenge Ambi Tabuhan Soren</b> <i>M. Oktavia Vidiyanti</i>	<b>11 Lomba Ngarang Cerita Cendhek Basa Using 2019</b> <i>AJ</i>	<b>25 Putri lan Sisik Melik</b> <i>Antariksawan Jusuf</i>	<b>41</b>
<b>Devi Fitriyani Sindhén Using Banyuwangi</b> <i>Syaiful</i>	<b>14 Gandrung Poniti Jenggirat Tangi</b> <i>Hasan Sentot</i>	<b>27 Ulan Andhung-andhung</b> <i>M. Oktavia Vidiyanti</i>	<b>43</b>
		<b>Gelang Alit</b> <i>Hani Z. Noor</i>	<b>47</b>
		<b>29</b>	



# Lontar Using

Ngular Basa Njaga Adeg Jejege Jati Diri Bangsa  
MAJALAH BASA USING



## Uluk Salam ....

**W**is nem ulan sakwise Lontar pungkasan, Alhamdulillah Gusti Allah Kang Maha Agung magih ngewani ridha lan ngewani dalam njumbule maning siji-sijine majalah Basa Using kang diterbitaken nyang Balai Bahasa Jawa Timur iki. Muga majalah iki magih bisa terus ana lan saya apik ring dina mburi, saingga Basa Using magih duwe dalam ngular basa, warta lan karya sastera kang bisa ajeg njejegaken uga ngelestareaken budayane.

Ring wektu nem ulan iki akeh kedadeyan lan kegiatan budaya kang bisa diwartakaken, ana buku-buku kang diterbitaken, antarane buku kumpulan gurit Pak Mahawan, ana buku kumpulan cerita cendhek karya Muzakky lan uga buku kumpulan cerita cendhek karya lare SMP. Kabeh bisa dadi penandha gok magih akeh hang gelem milu nguri-uri Basa Using. Resensine bisa diwaca pisan ring edhisi Juni-Desember 2019 iki.

Ana pisan pengumuman lomba ngarang cerita cendhek kang wis melebu tahun kaping pitu, nduduhaken semangat kang istiqomah teka paguyuban Sengker Kuwung Belambangan.

Gesah bab muatan lokal ambi Kang Hasan Basri bisa ngewani weruh kelendi Basa Using diwulangaken ring sekolah, ana pisan tulisan bab Jaran Ucul, angklung lan liya-liyane.

Mangkate Pak Basyir kang mungkasi wektune ring donya iki uga mungkasi trio Mabatan sakwise Pak Andang sampek umur sedurunge. Banyuwangi kelangan siji-siji para sepuh kang bisa dadi sumur kaweruh kanggo lalare enom-noman.

Muga bain kabeh upaya ngular cerita lan warta kang diupayaaken kabeh penulis lan diwadahi ring majalah kang diterbitaken Balai Bahasa Jawa Timur iki bisa terus merujukaken kekarapan njejegaken Basa Using ring dina mburi.

Salamun wa taslimun, talam wadhahe limun.



Redaksi: M.Oktavia Vidiyanti



Penanggung Jawab: Drs. Mustakim, M.Hum.  
Pimpinan Redaksi: M. Oktavia Vidiyanti.  
Penyunting: Antariksawan Jusuf, Hani Z Noor, Maria Magdalena Indraswari, Dian Rahma  
Tata Letak/Desain Grafis: Oky NP  
Sekretariat: Wahyu Bharoto  
✉ Balai Bahasa Jawa Timur-Jalan Siwalan Panji Buduran Sidoarjo 61271  
☎ 031-8051752  
@ oktaviavidi@yahoo.co.id  
🌐 www.balabahasajatim.kemendikbud.go.id

## DKB NGGELAR LOMBA ANGLUNG CARUK LAN KOOR BASA USING

**D**ewan Kesenian Blambangan (DKB) ulan Juli 2019 nggelar Lomba Paduan Suara utawa Koor Basa Using lan Angklung Caruk. Ring wayah sedurunge, Lomba Angklung Caruk wis digelar tingkat SMP sak Banyuwangi, hang duwe gawe Diknas Kabupaten Banyuwangi.

"Naming iki magih digodhog, karepisun lomba Angklung Caruk Sak Banyuwangi engko husus kanggo pelajar, mulai teka SD sampek SMA. Iki pancen rohe tabuhan has Banyuwangi ya ring angklung caruk, mangkane kudu diuri-uri lan dilestarekaken kelawan cara nggelar lomba," ujare Ketua DKB Dokter Taufiq Hidayat, wayah nganakaken Halal Bihalal ambi seniman ring Rumah Budaya Kebo-Keboan (RBK) Desa Alasmalang, Singojuruh.

Dokter Taufiq hang uga Direktur RSUD Genteng iki njelasaken, kadhung DKB ring ngisore iyane saiki terus nguri-nguri lan nguripi kesenian aseli dhaerah Banyuwangi. Malah kegiatan lomba Angklung Caruk engko sing dipusaraken ring Kutha Banyuwangi. Naming nyebar nyang wilayah eloran lan kidulan. "Dadi kabeh kerasa lan bisa ngerasakaken kesenian iku, sing perlu adoh-adoh," tambahe.

Serta merek lomba ring angger-angger wilayah, aju dikelompokaken wayah semi final ring rong panggonan. Dipilih wilayah elor ring Rogojampi, kadhung wilayah kidul rencanane arep dianakaken ring Panggon Wisata De Djawatan, Benculuk. Kelawan cara gedigu, gereget lan ubahe angklung iki bener-bener nggoyah bumi Blambangan.

"Engko final rencana dianakaken ring RTH

(Ruang Terbuka Hijau) Kecamatan Singojuruh, sekalian kanggo ndukung programe Pak Camat Singojuruh, Moch Lutfi hang arep ndadekaken Singojuruh dadi Bumi Angklung ring Banyuwangi. Niyat iki kudu didukung, merga pancen bener kadhung arep ndeleng angklung lan nggolet kelompok angklung akeh lan kuna ya ring Singojuruh," jare Dokter Taufiq hang disenengi para seniman Banyuwangi iki.

### Koor Basa Using

Masiya gendhing-gendhing Banyuwangi kerep juwara ring Lomba Paduan Suara, utawa koor tingkat international, naming sampek saiki durung ana Lomba Paduan Suara Basa Using hang digawe lembaga utawa Pemerintah Banyuwangi dhewek. "Genhing Banyuwangi iku wis pilih tandhing, naming magih wong liya hang nggawa. Saiki wayahe awak dhewek hang nganakaken, pesertane tetep lare-lare pelajar," jare Ketua DKB.

Rencana lomba puncak tepak Hari Jadi Banyuwangi, utawa Harjaba Desember ngarep. Ngawiti uga padha ambi Angklung Caruk, teka dhaerah-dhaerah tingkat Kecamatan, aju nguncup nang wilayah hang pirang kecamatan. "Nah, engko hang tampil ring Gesibu yaiku para juwara teka dhaerah-dhaerah mau. Lomba iki bener-bener kanggo lare-lare sekolah, merga ana muatan pendidikane. Supaya lare-lare mau ngerti basa Using, masiya ngomong sing bisa naming kadhung tau nembang Basa Using sithik akeh engko ya gelem sinau," pungkas Dokter Taufik. (HS)

# Seblang Olehsari Lancar ring Taun Iki

Taun iki ring ulan Syawal 1440 H, Seblang ring Desa Olehsari dianakaken maning. Adat iki dianakaken ana ring Desa Olehsari Kecamatan Glagah Kabupaten Banyuwangi angger-anger ring ulan syawal. Ritual iki digelar merga wis dadi adat hang wis dilakoni turun-temurun ring kono.

**S**eblang dikarepaken dadi ucap syukure masyarakat desa sak dawane setaun wis bias urip aman lan tenterem. Susi Susanti lare Dusun Krajan desa Olehsari kedapuk dadi seblange ring taun iki. Susi wis ngelakoni rong taun iki dadi seblang. Beda ambi taun sakdurunge seblange magih ana alangan ndadine. Alhamdulillah taun iki diparingi lancar nana alangan.

Sakdawane pitung dina Susi Susanti hang sedina-dinane magih sekolah ana ring SMK kelas 11 iki ngelakoni dadi seblang. Seblang keblon arwah leluhure desa hang dipercaya dadi danyange desa. Sakdawane pitung dina .. sakat tanggal 8 ulan Juni sampek tanggal 14 ulan Juni 2019 Susi ndadi kesusupan arwah leluhur.

Nganggo omprok pupus godhong gedhang lan



## Seblang



kembang nganggo tapih Susi mangkat njuget ambi merem ana ring pentas. Dina Kemis dadi dina hang pungkasan. Seblang digawa ider bumi nyang dalan-dalan ring desa Olehsari. Ring panggonan-panggonan perapatan seblang mandheg lan njuget ring kana. Hang dikarep desa iku nana maning alangan kanggone taun hang arep teka.

Mari Ider bumi, Seblange balik maning nyang panggonane ring panggung hang diubengi jajang ring desa Olehsari iku. Sakteruse seblang ngelakoni wayah "Tundik" yaiku ngoncalaken sampur nyang penonton. Wong hang ketiban sampur kudu gelem njuget ambi seblang. Kadhung penontone nolak iku bias dadi balak anggone hang nolak. Lan maning Roh leluhur bakale ngambil lan sing gelem nerusaken adat maning.

Sedina-dinane Susi iki magih sekolah ring SMK PGRI Banyuwangi magih kelas 11 jurusan Pemasaran. Taun iki nyatane Susi sing ana alangan paran-paran. Mari dikutugi, diwacakaken japa-mantra, tabuhan lan gendhing diangkati Susi aju temebluk keleton arwahe leluhure wong Olehsari. Kabeh uwong padha lega. Leluhur nyatane gelem nerima Susi dadi Seblang. Sakteruse Susi ndadi saklawase pitung dina dienggo

ngelakoni adat Seblang iki. Sakdurunge embahe Susi uga bengen dadi seblang. Biyasahe turunan seblang mesthi kepilih dadi seblang maning. Kanggone Susi iki seblang hang wis kapindho dilakoni. Setaun engkas iyane mesthi ngelakoni Seblang hang pungkasan, merga sakteruse wis diganti nong peneruse hang mesthine magih garis turune seblang.

Wayah gendhing Kembang Dirma Seblang adol kembang. Kabeh penonton padha rebutan nuku kembang. Kang hang percaya Kembang iku bias dadi piyandel lan kekuwatan kanggone wong tani makene bias dienggo tandur-tandur makene sing ana penyakit. Kanggone perawan bias dadi penarik supaya gelis gancang payu laki, lan liyan-liyane. (Syaiful)



# ORGANOLOGI ANGKLUNG BANYUWANGI

Moh. Syaiful



Angklung paglak dadi saranane ngumpulaken wong-wong desa kanggo kegiatan sosial.

**K**abupaten Banyuwangi iki wilayah hang ana ring pucuk wetan pulau Jawa, saiki diweni tetenger kelawan aran: *Sun rise of Java*. Panggonane ana ring pesisir wetan hang mujur teka kidul sampek ngalor. Panggonan geograpise *strategis* yaiku 7.43–8.46 Lintang Selatan lan 113.53–114.38 Bujur Timur. Daratan hang dhuwur antarane 25–100 ring ndhuwure banyu segara, ndadekaken kabeh tanahe subur lan sugih sumber alame.

Banyuwangi uga diubengi gunung-gunung hang magih aktip lan produktif hang malang lan mujur ring pinggir kulon sakat elor sampek ngidul. Iki kabeh ndadekaken panggonan ring sak ubengane gunung dadi tanah hang subur lan sugih tetanduran. Sing salah bengen kadhung bangsa penjajah kepingin nguwasani daerah iki.

Perkebunan lan sesawahan bisa tandur terus merga panggonan iki sing tau kurang banyu. Rasan-rasane wong Banyuwang sing

kebiasaan njaga tanah lan tandurane makene sing longsor lan sing dipangan banyu biyasahe nagnggo wit-witan kayata wit jajang iki.

Panggon geografis Banyuwangi hang disadhari pisan ambi para tani dienggo nandur jajang ring kebonan lan sawahe. Sakliyané bisa dienggo nahan lemah makene sing longsor tanduran iki uga kuwat dienggo nahan banyu teka rembesa. Nyimpen banyu rikala usum udan lan bisa nggedhekaken sumber rikala usum ketiga. Sumber-sumber hang parek ring wit-witan jajang biyasahe sing gampang garing kadhung wayah usum panas sing ana udan.

Nandur jajang pancen sing kaya nandur tanduran liyane, sing kathik dijaga lan disiram saban dinane, mula iku tanduran jajang ring Banyuwangi gampang ditemoni ring endi bain ana kebonan lan tanah sawahan mesti ring kono ana wit-witan jajang.

Sing adoh teka iku, kebutuhan nyang hang aran jajang anggongé wong Banyuwangi wis meh sing keneng ditinggal. Mulai nggawe pager, nggawe kandhang kanggo rerawatane, sampek nggawe pondhokan lan umah kabeh teka jajang iki.

### Angklung Dienggo Undang-undang

Sakat jaman bengen unen-unen hang asale teka jajang iki wis dienggo masyarakat Banyuwangi dienggo ngumpulaken wong-wong. Hang gampang bain umpamane penthongan. Penthongan hang dipasang ana ring gerdhu-gerdhu utawa pondhok-pondhok diunekaken dienggo nyeluk uwong hang ana ring kadohan supaya bisa mara lan ngerteni kekarepane hang ngunekaken penthongan.

Angklung paglak hang diunekaken teka paglak ndhuwuran bisa dadi tetenger

kadhung ring sawah iku ana wong panen utawa ana wong kerja bakti. Karepe wong hang ana ring kadohan bisa ngerteni lan bisa dikabari.

Gotong royong lan kerja bakti sakat bengen wis diugemi wong Banyuwangi dadi kegiatan hang mesthi dilakoni. Umpamane panen ring sawah, ngepung tikus ring sawah, wong duwe gawe ring umah, kerja bakti ana ring kelurahan, lan kegiatan liyan-liyane bisa digawa ambi suwarane angklung paglak hang ngungkung ana ring ndhuwuran.

Angklung sakat bengen wis bisa dadi saranane masyarakat desa kanggo ngumpulaken uwong-uwong. Suwarane hang bisa kerungu sampek metu teka desa kadhung diunekaken ndadekaken angklung sampek saiki magih dienggo masyarakat kanggo tetenger anane kegiatan ana ring desa. Dadine angklung sing mung dienggo nggetaki manuk bain ana ring sawahan. Naming wis bisa dadi saranane kegiatan sosial.

### Organologi Angklung Banyuwangi

Organologi iku ilmu hang ndasari babakan instrumen tetabuhan. Alan P. Merriam ring bukune *The Anthropology of Music*, mbedakaken instrumen tetabuhan nurut jenise dibedakaken dadi: jenis-jenis; *Aerophone, idiophone, chordophone, membranophone, lan electrophone*. Teka dhasar iku *Angklung* kegolong ring idiophone yaiku jenis tetabuhan hang asal unine teka tabuh hang dipenthung utawa dithuthuk nganggo tabuh. Jajang hang wis dilaras teka januran lan bumbunge bisa ngetokaken suwara merga dithuthuk utawa dipenthung iku mau.




**Rancangan Angklung**

Rancangan angklung utawa wadhahe angklung dadi umahe angklung hang penting uga kanggone suara angklung iku dhewek. Angklung kudu dipasang nong rancakane makene suwarane bisa mbengung. Sindhetan tali hang ana ring pucukane angklung kudu pas bener dipasang ana ring rancakane angklung. Mula iku angklung hang wis ana bumbungane mau kudu bisa mbengung lan ubahe suara sing keganjel ambi rancakeane hang digawe teka kayu.


Sakliyane dadi panggonan nggantunge angklung, rancangan uga penting dienggo masang angklung teka suara hang paling gedhe (endhep) sampek nyang suara


hang cilik (dhuwur).

Akehe bumbungan ring angklung Banyuwangi wis uwah nurut kebutuhane jaman. Bengen sakdurunge ana angklung caruk angklung Banyuwangi mung ana wolung bumbung. Sakteruse uwah dadi patbelas bumbung, lan saiki ana limalas bumbung. Iku kabeh kepasang teka suara hang paling gedhe ana ring kiwa lan suara hang cilik ana ring tengen. Kesusun teka hang paling gedhi urut sampek cilik, teka kiwa sampek tengene angklung. Ring kene ana gambaran pasangane angklung teka kiwa sampek tengen, teka bumbungan gedhi sampek cilik:



Ukuran rancak angklung paglak





Angklung instrumen hang nganggo bumbung dienggo resonansine.

khaki samping

khaki depan


68 cm

100 cm

Rancakane angklung kawitane digawe teka kayu hang entheng. Kabeh iku mestine digawe teka kayu kampung hang sing abot. Kayu kaya dene bayur lan mahoni biyasahe hang digawe kanggo rancakane angklung paglak.

Rancakane angklung iki sing perlu macem-macem rupane naming hang penting bisa dienggo umahe angklung makene sing gampang leleran lan bisa ngunekaken angklung dadi suwara hang enak lan mbengung gadug nyang endi-endi.

Ukuran bem 1) nada terendah) angklung paglak



jarak penyangga tali dengan bagian atas 19 cm

panjang bambu keseluruhan 78 cm

diameter bumbung bem 1: 7 cm

Jarak serutan dengan ruang resonansi 42 cm

panjang bambu untuk ruang resonansi 38 cm dari bagian atas dengan posisi bambu bagian pangkal diatas

Kanggone angklung paglak. Merga angklung paglak hang diunekaken ana ring ndhuwuran mesti bain sing gampang nggawa nyang panggonan hang dhuwur kadhung rancakene gedhe lan abot. Mula iku rancakane angklung paglak mesti bain sing padha ambi rancakane angklung caruk hang lebih njelimet lan akeh ukir-ukirane.

# NGERANDU SINGOMANJURUH DADI BUMI ANGKLUNG

**S**ingojuruh, bengen kawitane arane Singomanjuruh. Kawasan hang dadi salah sijine Kecamatan ring Banyuwangi meh 90 persen dipanggoni wong Using. Sisa-sisa laskar Belambangan. Mangkane sing heran, ring Kecamatan Singojuruh iki akeh werna maceme Kesenian hang aseli Banyuwangi, teka janger, angklung, praburoro, kuntulan, drama, gembrung, angklung lan liya-liyane ana ring kene.

Kadhung nyebut seniman, ana aran Pak Sahuni (saiki Lurah Singojuruh), iku panjak hang pungkasane bisa sekolah seni sampek dadi koreografer kondhang. Ana Gandrung Poniti, utawa Mbok Pon, iku malah lebih lawas dibanding Mbok Temu, ana Man Bodos, bengen tukang kerek Drama Kedunglewung, Ana Man Awi, Badut Angklung Semalang Lor. Lan aran liyane hang milu ngeliri mekar mekroke kesenian ring Banyuwangi.

Ngomong Angklung, akeh grup angklung lawas hang asale teka Singojuruh. Ana Angklung Pasinan, Angklung Bolot, Angklung Semalang Lor (Alasmalang) lan liya-liyane. Malah akeh hang ngomong, larasan Angklung teka wilayah Singojuruh iki kelevu larasan kuna hang saiki magih dijaga ngadeg jejege ambi seniman ring kana.

Sak liyane akeh seniman-seniman tradisi ring wilayah Singojuruh iki, uga akeh tukang nggawe gamelan lan angklung (perajin) sakat wingek seperene. Mulane lare-lare wilayah iki, akeh hang penter nabuh angklung lan gamelan Using. Merga sakat cilik wis kulina ndeleng

wong nggawe gamelan, ngelaras lan tabuhan. Ndeleng kesugihane Singojuruh nang bab kesenian lan seniman mau, Camat Singojuruh, Moch. Lutfi duwe kerenteg kepingin ndadekaken wilayahe dadi Bumi Angklung. Sakat setaun kepungkur wis digodhog rencana iki, ambi ngajak lare-lare enom hang ngelompok ring karang taruna, uga pengurus RT/RW lan para seniman hang akehe ana ewonan.

## Kahanan Geografis Singojuruh

Dideleng teka wilayah geografis, Kecamatan Singojuruh kelevu kecamatan hang manggon ring tengah wilayah Kabupaten Banyuwangi. Pinggir elor diwatesi Kecamatan Songgon lan Kecamatan Kabat. Pinggir kidul diwatesi Kecamatan Srono, pinggir wetan diwatesi Kecamatan Rogojampi lan Pinggir kulon diwatesi Kecamatan Sempu dan Kecamatan Songgon. Topografi wilayah Singojuruh akeh-akehe lemah rata, sithik ana puthuke.

Kecamatan Singojuruh ana ring panggonan lemah dhuwur, ambi dhuwure antarane 145–220 meter ring ndhuwure segara. Desa hang dhuwur yaiku Desa Sumberbaru lan desa hang paling endhep Desa Benelan Kidul lan Desa Lemahbang Kulon. Kecamatan Singojuruh dipara dadi 11 desa, antarane desa Gambor, desa Singojuruh, desa Alasmalang, desa Benelan Kidul, desa Lemahbang Kulon, desa Singolatre, desa Padang, desa Cantuk, desa Gumirih, desa

Kemiri lan desa Sumber baru  
Kecamatan Singojuruh nduweni wera wilayah  
59,89 kilometer, diliwati banyu mili yaiku  
Banyu Kemapak, Banyu Tuban, Banyu Bate,  
Banyu Rawan, lan Banyu Kumbo. Teka werane  
wilayah mau, akeh-akehe arupa lemah tetani.  
Mangkane sing heran kadhung warga  
Singojuruh akeh-akehe megawe ning sawah.  
Aju disusul industri, merga ana pabrik jaket  
kanggo ekspor hang manggon ring Garit,  
Alasmalang dan kerajian bordir ring Gambor.  
Uga kerajinan monte ring Desa Padang.  
Pegaweyan liyane dagang. Cacahe penduduk  
Singojuruh miturut sensus taun 2016 ana 45.607  
Jiwa.

### Mula Kawite Singojuruh

Aran Singojuruh iku mula kawite teka aran  
pejuwang jaman Perang Bayu, arane  
Singomanjuruh. Wilayah perang iku bengen  
diarani Mandala Wetan, Belambangan.  
Singomanjuruh dhewek veteran perang teka  
Malang, pengawale Adipati Malang lan Adipati  
Blitar. Kadhung mimpin perang mula sing ana  
watese, tekade gedhe lan dibelani sampek adus  
getih. Wayah sakmono Singomanjuruh  
mimpin 700 pasukan, sampek komandan  
perang musuh mati ngenes. Komandan perang  
Kompeni liyane awake kaku keneng panah  
racun warangan. Racun mau nyebar sak awak,  
sing keneng ditambahi. Singomanjuruh  
pungkasan ya sampek umur ring panggonan  
iku mau, aju kanggo ngeregani jasa lan tekade  
Singomanjuruh aju panggonan iku diarani  
Singomanjuruh. Naming sing weruh sakat  
kapan, panggonan iku sampek saiki kejuluk  
Singojuruh.

Miturut Sumono Abdul Hamid, wong Kemiren,  
Alasmalang hang duwe kawigaten nang  
sejarah, sakat Perang Blambangan taun 1768-  
1772, sampek Pergolakan Lemahbang hang

dipimpin Al Mukarrom K.H. Abdullah Fakhri,  
Singojuruh wis dikenal wilayah perjuwangan.  
"Buktine, ring pinggir dalan antarane  
Kesatrian, Rogojampi sampai Temuguruh,  
Sempu, antarane taun 1960an, akeh makam  
utawa kuburan ring dalan iku. Iku makame  
para pejuang," jare Sumono tepak nguweni  
komentar ring Facebook.

Singojuruh sakat bengen tanahe subur, malah  
sakat jaman Landa ana pabrik beras lebih teka  
siji lan pabrik lenga kelapa (kopra) nomer 2  
hang paling gedhi ring Jawa Timur. Naming  
suwe-suwe bangunan iku ilang embuh paran  
sebab. Kelebu Setasiyun Singojuruh, saiki sing  
diendhegi sepur teka Surabaya, mung sepur  
teka Jember. "Umah Belambangan hang akeh  
gebyoke lan kuat, bengen ya keleleran nang  
endi-endi. Saiki ilang, uga bangunan kukuh  
tinggalane Landa akeh hang ajur merga sing  
kerumat. Wilayah Singojuruh hang dipedhot-  
pedhot, ndadekaken wilayah iku aju  
dilalekaken," ujure Sumono getun.

Bukti liya kadhung Singojuruh iku bengen  
wilayah hang maju, wargane jaman sak mono  
wis akeh hang sekolah dhuwur. Ana Dokter  
Satriyo hang dikenal minangka dokter gerilya,  
tau dadi Menteri Kesehatan RI Jaman Presiden  
Soekarno, umahe magih ana ring sebelae  
Kantor Kecamatan Singojuruh. Saiki arane dadi  
aran dalan gedhi ring Jakarta. Mayor Jendral  
Marinir Gatot tau dadi Pangarmatim ring  
Surabaya. "Magih akeh putra-putri Singojuruh  
hang nggawa arume aran dhaerahe," pungkas  
mantan personalia Pabrik Baja Krakatau Steel  
iki.

### Bumi Angklung

Serta weruh bengen lan saikine, pungkasane  
Camat Singojuruh aju duwe program  
ndadekaken Singojuruh Bumi Angklung.  
Program iki dudu milu-miluan, mane anjrah

aju dikenal uwong thok. Bukti lan nyatane, kesugihan ring kesenian mau pancen sakat bengen. Aran kelompok Angklung Caruk ya akeh, malah hang tukang nggawe angklung ya sepirang-pirang. Paran maning aran seniman lan panjak angklung, meh angger desa ana panjak angklung.

Alame hang subur, sak liyane donya tetanen uga kebonan. Tanduran jajang ya gemelar ring pinggir alas lan jurang pinggir banyu, kabeh mau keneng dienggo nggawe bakalan angklung. Kanggo nengeri program iku mau, arep digelar pentas khusus hang ngajak wong-wong sak Singojuruh nabuh Angklung bareng sampek ana sewu uwong. Mulai lare sekolah, lare enom-enoman, seniman panjak lan warga umum. Suwene setahun pungkasan, akeh panjak-panjak hang wis prei memengan angklung, rungu ana program iki mau aju njingkat lan milu cawe-cawe.

Pentas iku mau mung kanggo tandha, sak mareke iku sak dawane wayah, kadhung arep kepingin weruh nabuh Angklung Banyuwangian ya teka nang Singojuruh. Kadhung kepingin ajar tabuhan angklung ya disediani guru nabuh. Malah serta arep ana rencana program iki, Kang Tohan, utawa Kang Toh, angger soren ditekani lare-lare cilik nyang umahe, ambi dieteraken wong tuweke, sak perlu njaluk diajari nabuh angklung.

Kanggo wong njabane Singojuruh, aju teka merana kepingin nabuh angklung ning umahe, engko uga disediani Angklung kanggo cangkingan (suvenir), taping larase bener lan keneng ditabuh kanggo ngiringi gendhingan. Program iki sing terima sak gerebegan, taping karepe bisa terus-terusan, nublek napung lan ana mampaate kanggo wong Singojuruh dhewek.

Kanggo mujudaken kabeh mau, saiki seniman, pemerintah Kecamatan dan Desa ring Singojuruh padha 'jungkir walik' nata-nata,

latihan lan kumpulan raina bengi kanggo mbahas angklung iku mau. Muga-muga bisa kasembadan paran hang diangen lan dikarepaken warga Singojuruh. Dadiya tetenger kanggo anak putu mbesuk, kadhung wilayah iki tahu lan bisa ngembang nang mekar mekroke kesenian ring telatah Belambangan umume.


"Singomanjuruh Bumi Angklung, yaiku konsep jujugan wisata hang nggabaraken kadhung Singojuruh minangka wilayah asal usul utawa penggonan kesenian angklung hang paling tuwek ring Banyuwangi. Sakat bengen, kadhung Angklung teka Pasinan, utawa Semalang Lor tanggapan, mesthi akeh penontone. Paran maning wayah caruk Pasinan musuh Mangir, sampek kutah aran hang ndeleng," ujare Kang Lutfi, Camat Singojuruh.

Proses nggawe angklung, mulai milih jajang, ngeruti dadi patrol aju diunting ring ancak, uga dadi totonan hang apik lan langka. Kabeh mau nganggo selametan, sampek teka ngelaras lan angklung siap ditabuh. "Malah arep negor jajang bain ana pitung naga dina hang apik, dibelani puwasa mane ulih jajang hang larase apik. Iki kan sing akeh diweruhi wong liya, dikira padha ambi kerajinan biyasa. Iki engko bisa dadi unggulan dhaerah Singojuruh," tambah Lutfi.

Hawa Angklung ring Singojuruh, uga arep digenepi Patung Angklung gedhi wayah arep melebu wilayah Singojuruh. Kanggo pengiling-iling, kadhung wis melebu wilayah Singojuruh. "Ring RTH Singojuruh, uga ana Umah Angklung. Keneng dienggo belajar nabuh lan takon-takon masalah angklung ambi seniman lan pelatih hang disediakaken ring panggonan iku," pungkas Lutfi hang uga mantan Ketua Lesbumi PCNU Banyuwangi ini. (Hasan Sentot)

# Devi Fitriyani

## Sindhèn Using Banyuwangi



Pancen sing gampang golet sinden Using hang temenan bisa deles usingane kaya Mbok Devi iki. Sing mung eluk lan cengkoke nyang gendhing Using naming uga basa usinge hang pandhes deles. Sing maido merga sindhen hang kelebu sinden nom-noman Banyuwangi iki lair ring Desa Mangir Rogojampi, desa hang dadi salah sijine desa tuwek hang dipanggoni wong Using hang magih ajeg njaga basa Using sampek dina iki.

Sakat cilik Mbok Devi wis ajar gendhing-gendhing gandrung Banyuwangi. Gandrung Temu, Gandrung Tatik, Gandrung Pon, Gandrung Dartik, Gandrung Muda'iyah lan gandrung sapa bain iyane mesti duwe *kasete* lan *cidine*. Kadhung bengen wayah mangkat turu Mbok Devi rengeng-rengeng

sulung ambi ngerungokaken kasete hang disetel nong kamare. Eluk lan cengkok gandrung setemene ya sing gampang anggone ditirokaken, naming Devi cilik hang magih sekolah kelas papat ring SDN 1 Mangir iki bengen sing gampang leren lan sing gampang mutung anggone ajar lan sinau cengkok lan eluk suwarane gandrung.

Saikine, Mbok Devi anak wadone Man Suyono lan Bik Sudarsih iki wis bisa nggadug kutha endi-endi bain lan uga wis bisa menyang negara manca kerana bisane nyindhèn Banyuwangian iku. Iyane uga bisa golet sandhang pangan teka adol suarane hang renyah lan alus iku. Sing salah kadhung Devi hang magih putune tukang bahola Banyuwangi Kik Timbul iki bisa diarani sindhen Banyuwangi ring dina ngarep. Getih

turune Kik Timbul nyatane wis diturunaken nyang Mbok Devi teka anange.

Laikan suwarane Mbok Devi saiki wis mesthi ana ring saben-saben acara Festival Banyuwangi, umpamane kaya ring Festival Kuwung, Festival Karya Tari, Festival Angklung, Festival Patrol, Festival BEC lan festival-festival liyane. Sakliyané iki rekaman cidhi-cidhi tari lan gendhing hang ana ring Banyuwangi sing luput uga diisi ambi suwarane sindhen iki.

Kepingin weruh sapa saktermene lan kelendi sakjane Mbok Devi ajar lan sinau gendhing Using? Lontar nemoni Mbok Devi ana ring umahe Dusun Krajan Desa Mangir Rogojampi Banyuwangi.


*Assalamualaikum Mbok Devi...Milu bungah atinisun merga Rika bisa nerusaken anane sindhen ana ring Banyuwangi iki. Mergane sing gampang bisa ngelakoni dadi sindhen ana ring Banyuwangi, kelendi rasane atinrika bisa dadi wong hang bisa nerusaken tradhisi sindhen Using Banyuwangi iki?*

Walaikum salam...Isun ya sing ngira lan sing nyana kadhung bakal bisa nggendhing lan nyuwara kaya saiki iki. Muga-muga bain Isun bisa ajeg lan istiqomah anggane urip lan nguripi seni tradhisi Banyuwangi iki.

*Sakat kapan Mbok ajar nyindhen lan nembang Using Banyuwangi iku?*

Sakat cilik isun wis ajar. Bengen magih kelas 2 SD wis ajar-ajar nembang. Kawitane mung rengeng-rengeng dhewek ana ring kamar. Sakteruse sèrta wis kelas 4 Isun dikongkon nembang ring pentas-pentas sekolah SD (ambi sing lali munyik merga iling jaman bengene).

*Kadhung Sun rungok-rungokaken sing sithik penghargaan Rika ring babakan tarik suwara iki Mbok?*



Bener iku. Antarane Penyaji Terbaik Lomba Musik Tradisi di Kota Tua Jakarta, Penyaji Unggulan Festival Musik Bambu Finale Penyaji terbaik Unggulan IGF (International Gamelan Festival) ring Solo, Penyaji Terbaik dan Penyaji Unggulan ring Festival Karya Tari Nusantara Jawa Timur lan liyan-liyane sampek lali Isun.

*Byek...Seru akeh ya Mbok? Bisa lancar nyindhen bengine ajar nyang sapa bain Mbok?*

Iya. Mestine bengen ajar-ajar dhewek nirokaken gandrung nembang mari gediku aju dibecikaken kadhung ana salahe ring anangisun (red: Kik Timbul)

*Nggumun Isun weruh Rika sing ana lerene tanggapan, kelendi anggone Rika ngedum waktu ambi keluwarga iku?*



Alhamdulillah magih bisa ngatur, hang penting lakinisun iki wis nerima nyang Isun hang urip ring kesenian. Merana-merene magih gelem ngeteraken kadhung tanggapan *Jempol temenan Rika bisa ngerumat kesenian lan bisa njaga urip umah-umah rukun sing benteng-ceweng. Kang pungkasan Mbok,..Paran hang durung Rika nggayuh ring angen-angenrika?*

Sakjane magih akeh hang kepingin Sun gayuh. Naming hang paling Sun angen-angen mesthine bisa nyenengaken wong tuwek loro iku. Durung kelaksan bisa nggawe seneng atine wong tuwek.

*Muga bain ya Mbok...Bisa kelaksan hang Rika angen-angeni...Terima ya...*  
(Syaiful)

### CURRICULUM VITAE

#### A. BIODATA PRIBADI

1. Nama : Devi Fitriyani
2. Jenis Kelamin : Perempuan
3. TTL : Banyuwangi, 4 Maret 1995
4. Kewarganegaraan : Warga Negara Indonesia
5. Nama Ayah : Suyono
6. Nama Ibu : Sudarsih
7. Status : Menikah
8. Nama Suami : Dedy Kurniawan
9. Agama : Islam
10. Alamat Asal : Dusun Krajan Desa Mangir Rogojampi Banyuwangi

#### B. RIWAYAT PENDIDIKAN

- SD : SDN 1 Mangir 2001 – 2007  
SMP : SMPN 3 Rogojampi 2007 – 2010  
SMA : SMA Sultan Agung Rogojampi 2010 – 2013

#### C. PENGALAMAN ORGANISASI

Aktif di berbagai Sanggar Seni Musik dan Tari di banyuwangi sampai sekarang.



# KANG SON,

## BUDAYAWAN PEJUWANG



Ana ring SMPN 1 Banyuwangi, ngabdi dadi guru

Sapa uwong hang sing kenal ambi Kang Son, anggone seniman lan budayawan ring Banyuwangi, wong siji iki wis kesuwur megiyete. Guru hang saiki mulang ana ring SMPN 1 Banyuwangi iki uga penulis artikel sejarah lokal lan masalah-masalah kebudayaan. Tulisan-tulisane hang penting antarane; Pangeran Jagapati (Pahlawan Perjuangan Kemerdekaan di Tanah Blambangan, 2006), Wong Agung Wilis 1767-1780 (2008) Perjuangan Sayu Wiwit dalam Perang di Blambangan Tahun 1771-1772 (2008), Sastra Using Banyuwangi (2008).

Sakliyane nulis, Kang Son hang lahir ring Desa Mangir Rogojampi iki uga hang mandegani Majalah Basa Using Seblang, hang saiki wis sing terbit maning. Jenggirate nyang Basa Using mesthine sing luput teka ajaran-ajarane Alm. Hasan Ali. Keneng diomong kadhung Kang Son iki punjere pungkas ring pitakonan nyang masalah-masalah ring Basa Using.

Masiya Kang Son iki Master ring Pendidikan Agama Islam naming roh lan atine manggon ana ring kesenian lan kebudayaan Banyuwangi. Delengen bain kibrahe ring

## Kang Son

Dewan Kesenian Blambangan (DKB), sakat tahun 1995 sampek saiki magih diuweni amanah njaga lan ngurusi Dewan Kesenian Belambangan (DKB). Ring kepemimpinane Alm. Hasan Ali, Hamjawi Adnan, lan Alm. Maskur iyane dadi sekretaris. Serta ring kepemimpinane Samsudin Adlawi lan hang saiki Taufiq Hidayat dadi Wakil Ketua 1.

Kang Son hang saiki manggon ring Lingkungan Sukorojo RT4/RW1 Kelurahan Banjarsari Kecamatan Glagah iki kelebu uwong hang bisa diterima ring emeh kabeh golongan masyarakat seni ring Banyuwangi iki. Sing salah kadhung kabeh bisa nganggo lan nerima anane.

Sakliyane ana ring kepengurusan Aliansi Masyarakat Adat Nusantara (AMAN), Ketua ring Lembaga Masyarakat Adat Osing (LMAO), Wakil Ketua ring Dewan Kesenian Blambangan (DKB), Kang Son uga dadi Direktur ring Akademi Lalare Orkestra, yaiku lembaga Pendidikan Kesenian hang nganakaken pembelajaran musik tradisional kanggone lare-lare cilik ring Banyuwangi.



Mula iku ring kene kanggo ngerteni sampek sak endi laku lan prestasine Hasan Basri utawa hang biyasa ulih julukan Kang Son iki, utamane pikiran-pikirane nyang kemajuan seni lan budaya Banyuwangi ring dina mburi, Lontar langsung wawancara ambi Kang Son ring panggonan kampuse Akademi Lalare Orkestra, jalan Agus Salim No. 31 A Banyuwangi:

"Assalamu'alaikum Kang Son, milu bungah atinipun merga Rika bisa ajeg lan jejeg nguri-uri nyang bab Seni lan Budaya Banyuwangi sampek seperene. Paran dhasare Rika gelem terus nguri-uri Seni lan Budaya iki?"

"Wa'alaikum salam, iku kabeh merga Isun dhemen, perduli lan eman nyang seni budaya Banyuwangi khusus seni tradisi lan adat Using iki, supaya bisa langgeng lan lestari sing digerus jaman bisa diwarisi nyang anak-putu mbesukane."

"Pengalaman Rika nyang seni, adat lan budaya Banyuwangi seperana-seperene wis gujreh endhut nyang awakrika, bisa cerita hang paling Rika engeti?"

"Mesthine ya pengalaman bengen magih kumpul ambi Alm. Hasan Ali, berjuwang njejegaken Basa Using. Sing ngarti wayah, raina lan bengi nggawe paran bain kanggo jejege Basa Using bisa diakoni dadi basane wong Belambangan iki. Alhamdulillah saiki wis akeh hang gelem milu cawe-cawe nyang Basa Using. Kirane Alm. Hasan Ali bisa mesem ring alam kubur kana."

"Sakliyane iku, Kang?"

"Mesthine bain ya bengen jamane berjuwang golet pengakuwan Sayuwit, Pangeran Jagapati, lan Wong Agung Wilis dadi Pahlawan Nasional. Masiya saiki durung keterima dadi Pahlawan Nasional nyatane iku kabeh magih ana hikmahe. Saiki pahlawan bangsa iki wis akeh hang ngerteni lan wis akeh hang ngakoni masiya mung ring Banyuwangi."

"Paran maning, Kang?"

"Hang mesthi maning ya pengalaman manis lan pahite ngedekaken Akademi Lalare Orkestra iki (ambi nduduhaken anak-dhidhike hang akehe satus padha sinau tabuhan Banyuwangi). Kampuse saiki wis ana magrong-magrong pinggir lurung. Bengen magih ngalor-ngidul nyilih panggonan. Alhamdulillah Pengeran nguweni dalan."

"Rika iki kegelong uwong hang bisa diterima ring emeh kabeh golongan, Setemene seniman lan budayawan Banyuwangi iki akeh golongan-golongane tah, Kang?"

"Seniman lan budayawan iku wong hang duwe kreatifitas subyektif, mesthi bain duwe misi lan visi dhewek-dhewek. Idealismene uga dhewek-dhewek. Iku kabeh kudu diregani. Mula iku awak dhewek kudu bisa ngerangkul nyang kabeh golongan. Hang penting kabeh duwe tujuan siji yaiku majokaken kesenian, adat, lan budaya Banyuwangi. Tugase Dewan Kesenian iku ngerangkul kabeh golongan sing ulih milu nyang salah sijine golongan."

"Bener iku Kang, Sakliyane dadi budayawan, penulis, uga dadi pendhidhik magih milu-milu ngedekaken Akademi Lalare Orkestra, kelendi ngatur wektunrika iki, Kang?"

"Dilakoni bain tah wis, Menungsa hang apik iku menungsa hang bisa nguweni manfaat nyang menungsa liyane. Bisanisun ya mung gedigi iki. Muga-muga bisa dadi manfaat kanggone liyan. Amin."

"Nggumun Isun weruh Rika dadi guru naming magih akeh kegiyatane. Jempol temenan Rika. Paran hang Rika karepaken ring anane seniman hang kumpul ana ring Dewan Kesenian Belambangan (DKB)?"

"Sing akeh, kepingin seniman lan budayawan Banyuwangi iki duwe

tekad ngelestarikaken seni, adat, lan budaya Banyuwangi, merga seni lan adat iku jatidiri lan identitas bangsa."

"Kang pungkasan, paran hang setemene arep Rika gayuh ring dina mburi kanggone Basa Using?"

"Hang sepisan, Basa Using kudu dadi penguwat lan piranti utama mekare kebudayaan ring Banyuwangi. Yaiku kebudayaan hang dinamis ngadeg ring ubege jatidiri lokal Banyuwangi."

"Hang kapindho, Basa Using bisa dadi alat komunikasi kanggo kabeh masyarakat utamane ring golongan enom-noman. Lare enom-noman rumangsa duwe aji tepak ngomong nganggo Basa Using. Masiya iki sara tapi kudu diutamakaken. Kadhung sing, kari nganteni bain ilang salah sijine penguwat Bhinneka Tunggal Ika iki. Polane hang gedigi iki dialami kabeh ambi kabeh basa dhaerah dudu mung Basa Using. Mulane kudu ana upaya mbela nganggo kebijakan strategis pemerintah pusat lan dhaerah. Masyarakat ya duwe tugas pisan mekaraken Basa Using liwat lomba-lomba, penerbitan, media sosial, lan sepiturute kaya hang dilakoni SKB (red: Sengker Kuwung Belambangan)."

"Muga kelaksan paran hang arep Rika gayuh Kang... Amin."



# Riwayat



**H**asan Basri, Lahir ring Banyuwangi, 6 Juni 1967, Sekolah Dhasare ring pendidikan Madrasah Ibtidaiyah Mangir ring kampunge, Desa Mangir Kecamatan Rogojampi. Nerusaken sekolah nyang MTsN Srono, MAN Kaliwates Jember dadi pendidikan formal. Seteruse mondhok di PP Ashtra hang dipimpin KH. Achmad Siddiq (almarhum), aju nerusaken S1 ring IAIN Sunan Ampel Malang (sekarang UIN Maliki) tahun 1991.

Ngabdi dadi guru ring MTsN Srono tahun 1992-1996 mulang Bahasa Inggris lan Bahasa Indonesia, tahun 1996-2002 mulang Pendhidhikan Agama Islam nong SMPN 1 Glenmore, saikine mulang Pendhidhikan Agama Islam ring SMPN 1 Banyuwangi sakat tahun 2002 sampek saiki.

Wis ngalami dadi Peserta Terbaik ring Pelatihan Keterlaksanaan Kurikulum 2004 bagi sekolah Standar Nasional (SSN) ring Surabaya, Tahun 2004. Petang tahun dadi penanggungjawab program RSBI (Rintisan Sekolah Bertaraf Internasional) nong SMPN 1 Banyuwangi tahun 2009-2013. Wis tau uga miloni program *Education Partnership* ana ring Singapura lan Malaysia tahun 2011.

Sampek saiki dadi anggota tim pengembang kurikulum muatan lokal Bahasa Using tahun 1997 sampek saiki, uga dadi anggota tim penyusun bahan ajar Bahasa Using tahun 1997 sampek saiki. Tau uga dadi penatar Bahasa Using tahun 1997 sampek saiki. Pemakalah ring Sarasehan Pemanfaatan Potensi Kebahasaan dan Kesastraan, ring Balai Bahasa Surabaya, Tahun 2000.

Aktif ana ring kegiatan-kegiatan kesenian lan kebudayaan, kayata; Dewan Kesenian Blambangan (DKB), pengurus Aliansi Masyarakat Adat Nusantara (AMAN) region Pulau Jawa. Milu Festival Budaya Nusantara nong TIM Jakarta tahun 1999. Ngelakoni program pendampingan komunitas seniman gandrung ambi *Desantara culture studies* tahun 2005-2007 hang didhukung *ford foundation*. Mandegani majalah Seblang terbitan Dewan Kesenian Blambangan. Tahun 2009 dadi Pemakalah ring Seminar Nasional "Pahlawan Blambangan" ring Surabaya Tahun 2009. Pengurus Yayasan Sejarah Blambangan lan dadi Ketua *Lembaga Masyarakat Adat Osing*.

Buku-bukune; *Pangeran Jagapati (Pahlawan Perjuangan Kemerdekaan di Tanah Blambangan)* (2006), *Wong Agung Wilis 1767-1780* (2008) *Perjuangan Sayu Wiwit dalam Perang di Blambangan Tahun 1771-1772* (2008), *Sastra Using Banyuwangi* (2008). Artikel-artikele ana ring harian *Surya* (2007), bareng ambi Hasnan Singodimayan lan Antariksawan Jusuf *Enam Mata* (2015) diterbitaken Sengker Kuwung Belambangan (SKB) lan tulisan-tulisan liyane ring blog pribadi.

Alamat silaturahmi;

[hasanbasri678@gmail.com](mailto:hasanbasri678@gmail.com),

[www.hasanbasri08.wordpress.com](http://www.hasanbasri08.wordpress.com).

Saikine manggon ring Lingkungan Sukorojo RT4/RW1 Kelurahan Banjarsari Kecamatan Glagah Banyuwangi ambi rabine hang aran Siti Karomah lan anak-anake Adhiyat Tijana Langit Jingga 18 tahun, Kibbara Luh Tinggar Thursina 15 tahun lan Sena Belantara Brastha Wilis 8 tahun.



## MUATAN LOKAL BAHASA USING, MBANGUN KARAKTER MURID

Ditulis ring Hasan Basri

**S**akat jaman kerajaan bengen, Banyuwangi kang ana ring pucuk wetan tanah Jawa iki dadi rebutan keraton-keraton liyane kang ana ring pulo Jawa, Bali lan Sulawesi. Malah bangete jaman Demak, Mataram lan Buleleng, kolonisasi iku dudu mung kanggo nambah werane wilayah, taping ya *mobilisasi* menusa, ekonomi lan kebudayaan pisan. Sri Margana ngarane ngerebut Hebegomi Blambangan (Ujung Timur Jawa, 1763-1813 Perebutan Hegemoni Blambangan, 2012).

Jaman Welanda hegemoni iku tambah ndadi. Paran maning serta lurung Daendels (Jalan Raya Pos) kang mandheg ring Panarukan bisa tembus sampek Banyuwangi kutha, lurung-lurung Banyuwangi-Jember bisa nyambung. Akibat, emeh kabeh pereng Gunung Raung ring wilayah Kalibaru, Glenmore, Songgon, Licin Kalipura, kudu dililakaken dadi persil kopi, karet, duwene Welanda (Howard Dick dkk, Perkebunan dan Tanaman Perdagangan di Jawa Timur, 1977). Ahire migrasi teka endi-endi teka nyang Banyuwangi embuh dadi buruh persil

utawa mbabad tanah anyar enggo sawah kebonan lan kampung.

Emane kedadeyan iku hing nggawe penduduk kawitan yaiku wong Using kesirik lan nyingkrih kayadene kasuse wong Tengger, Baduwi, Kajang (Sulawesi), Dayak (Kalimantan) lan liya-liyane. Taping wong Using malah bisa nerima lan nyerawung ambi para migran iku. Teka cathetan kang ditemokaken seperene iki sing ana nyeritakaken conggrah antarane wong Using ambi para wong Tekan iku. Malah ndadekaken *interaksi intensif* kang wujud asimilasi. Mulane akeh para ahli kang nulis, kadhung Banyuwangi iki kaya pethetan utawa taman mini Indonesia, teka agamane, etnise, kebudayaane.

Pengalaman sejarah kang dawa iku nyinauni wong Using mbangun lan ngetrapaken nilai-nilai, norma-norma lan kaidah-kaidah kang dadi dhasar urip bareng ambi wong liya (urip plural). Tesis hang angger diumoraken ambi para peneliti, wong Using iku komunitas kebukak (terbuka) kang pinter serawungan hang dinamis ambi kelompok sosial liyane ambi tetap

nggegem dheweke iku wong Using ambi ngeterapaken nilai, norma, lan kaidah hang Clifford Geertz (1983) ngarani local knowledge utawa local wisdom kang diterjemahaken nyang bahasa Indonesia dadi “kearifan lokal.”

Lebih teka sak abad, “kearifan locak” Using iku diterapaken, diwarisaken, lan ditapsiraken ambi kreatif-dinamise generasi-generasi seteruse. Taping, kayadene dhaerah-dhaerah liyane, wong Banyuwangi sing bisa mbujerahkan puketan gandarwo kang aran globalisasi lan pengaruh transnasional liyane. Rembesan globalisasi iku saiki merasuk nyang belung sumsume wong ning endi bain, hing kelalen ya wong Banyuwangi pisan.

Globalisasi iku kaya kang disampekaken ambi William K. Tabb (Tabir Politik Globalisasi, 2003) dadi proyek ideologis modal *transnasional* kang merakaken pengarusé liwat *privatisasi*, *liberalisasi*, lan *deregulasi* ekonomi kan dikontrol ambi IMF (Dana Moneter Internasional) lan WTO (Organisasi Perdagangan Dunia).

Globalisasi hing mung nguwah tatanan ekonomi bain, taping globalisasi ya nguwah non-ekonomi pisan, kaya kang kedadeyan saiki yaitu subure *pragmatisme*, *individualisme*, *kompetisi* kang hing menungsani, *konsumerisme*, *hedonisme* lan liya-liyane.

Ndeleng kari gedigu serenane globalisasi, transnasional iku, aju local knowledge iku apa magih bisa ngadeg jejeg ring dina mburi? Joost Smiers (Arts Under Pressure, 2009) nulis globalisasi ekonomi wis nggawe perubahan-uwahan tap-tapan dhasar institusi kebudayaan.

Kang hing keneng disepeleken pisan serenane transnasional agama kang diarani radikal, ekstrim lan eksklusif. Gerakan-gerakan iki duwe cap hing toleran nyang lokalitas agama. Kepingine ngilangaken ritual-ritual kang wis ana ning masyarakat ambi nyangking alasan kanggo murnikaken agama.


Ndeleng kedadeyan kaya iku, bisa dimaklumi

kadhung ana hang kuwatir, sedhilut engkas kabeh “kearifan lokal” kan wis merujuk lan nyata nguweni mapaat nyang masyarakat arep ilang lan ganti ambi barang hang anyar kang durung mesthi cocog ambi wong Banyuwangi hang terbuka, *inklusif*, *proletar*, *majemuk*, *multikultural*.

Kanggo rekadaya ngimbangi globalisasi iku salah sijine kang bisa diarep-arep yaiku wulangan “Muatan Lokal” Basa Using. Wulangan basa Using strategis ubege kerana diarep-arep bisa nyangomi lare-lare kesadaran, sikap, pengetahuan lan bisa ngeterapaken nilai-nilai, norma-norma, kaidah-kaidah kang wis diwarisaken ning “kearifan lokal.” Yaiki tujuan hang paling penting ring pelajaran Basa Using.

Pelajaran Basa Using nyangga amanat nginternalisasi local knowledge, local wisdom, kanggo sangu urip tuweke para murid kan arupa sikap, pengetahuan, ketrampilan. Sikap:

- Terbuka,
- Toleran,
- Egaliter,
- Kompetitif
- Pengetahuan:
  - Sastra Using
  - Sejarah (sejarah Blambangan, sejarah desa)
  - Adat
  - Legenda
  - Mitos
  - Kesenian tradisional Banyuwangi



# Bucu Basa Using

## Homonomim ring Basa Indonesia lan Basa Using

**H**omonim iku ucap-ucap hang padha tulisan lan pengucapane taping beda artine. Ring Bahasa Indonesia lan Basa Using, ana pisan hang gedigu, padha pengucapane taping artine sewang-sewangan. Kayata tuladha ring ngingsor iki.

1. Abang  
Indonesia: kakak laki-laki  
Using: warna merah
  - a. Sira katon ayu kadhung nganggo kelambi abang. (Kamu terlihat cantik memakai baju merah)
  - b. Jambune wis abang-abang wayahe ngunduh selak entek dipangan lawa. (Jambunya sudah berwarna merah waktunya memanen daripada didahului kelelawar)
2. Angkuh  
Indonesia: Sombong  
Using: Pasang; memasang
  - a. Gancang ban sepedhahe angkuhena polahe arep dienggo. (Cepat pasang ban sepedahnya karena segera dipakai)
  - b. Wis diwarah baute keciliken maksa diangkuhaken bain. (Sudah dibilang bautnya terlalu kecil tetap saja memaksa untuk dipasang).
3. Ayah  
Indonesia: bapak  
Using: kerja bakti; gotong royong
  - a. Engko soren aja lali ngayah rijig-rijig ring kuburan. (Nanti sore jangan lupa kerja bakti membersihkan kuburan)
  - b. Makene gelis mari, diayah bareng-bareng bain ngunjali pasire. (Biar cepat selesai, dikerjakan bersama mengangkut pasirnya)
4. Bacot  
Indonesia: mulut  
Using: hidung
  - a. Isun kari dhemen nyawang anakrika iku, bacote lincip. (Saya sangat suka melihat anakmu, hidungnya lancip)
  - b. Mari ngambung paran bacotira iku gok cemeng kabeh? (Apa yang kau cium sampai hidungmu pada hitam?)
5. Bangkang  
Indonesia: menolak; menentang  
Using: telanjang
  - a. Wis gedhi magih mbangkang yah, sing isin tah disawang uwong? (Sudah besar masih telanjang, apakah kamu tidak malu dilihat orang?)
  - b. Ring dalam iki mau isun kecaruk wong edan mbangkang kelenthang. (Di jalan tadi saya ketemu orang gilang yang telanjang bulat).
6. Banyak  
Indonesia: dalam jumlah besar; tidak sedikit  
Using: angsa
  - a. Pas liwat ngarep umahe Wawan, isun diuber-uber banyak. (Sewaktu lewat depan rumah Wawan, saya dikejar-kejar angsa)
  - b. Kadhung rika nyang pasar, tukokena endhoge banyak. (Kalau ke pasar, belikan telur angsa)
7. Beton  
Indonesia: campuran adukan pasir, kerikil dan semen  
Using: biji nangka
  - a. Beton iki kadhung dikulub enak. (Biji nangka

## Bucu Basa Using

- ini enak kalau direbus)
- b. Beton iki engko tanduren ring buri umah makene merujuk. (Biji nangka ini tanam di belakang rumah agar tumbuh)
8. Culik  
Indonesia: melarikan anak orang  
Using: mengambil nasi yang masih di tanak
- a. Timbangane anakrika nangis, culikena sega ring pawonisun. (Daripada anakmu menangis, sana ambil nasi di dapurku).
- b. Dhemeneane caring nong ngarep bengahan ambi nyulik sega. (Kesukaannya berdiang di depan tungku sambil mengambil nasi)
9. Jangan  
Indonesia: melarang  
Using: jenis sayuran
- a. Bayem iki dijangan bening seger rasane. (Bayam ini disayur segar rasanya)
- b. Sakat mau nganteni wong dodol janganan durung teka. (Sedari tadi menunggu penjual sayur belum datang)
10. Kokoh  
Indonesia: kuat; teguh  
Using: kuah
- a. Kadung arep madhang, ring umah ana gule tapi kari kokohe. (Kalau akan makan, di rumah ada gule tetapi tinggal kuahnya)
- b. Kelendi sih lare iki, bapake mung diumani kokohe. (Gimana sih kamu ini, ayahnya cuma disisain kuahnya)
11. Larang  
Indonesia: tidak boleh  
Using: mahal
- a. Isun arep nukokaken sandal anakisun, taping regane kari larang. (Saya akan membelikan anak saya sandal, tapi harganya begitu mahal)
- b. Upahe kari larang taping sing mejaji ambi ulihe tandange. (Upahnya mahal sekali tetapi tidak sesuai dengan pekerjaannya)
12. Laut  
Indonesia: kumpulan air asin dalam jumlah yang banyak  
Using: istirahat setengah hari
- a. Wis bedhug ayo wayahe laut. (Sudah tengah hari waktunya istirahat)
- b. Ayo tutugna nyingkale, paling sak lautan wis mari. (Ayo selesaikan membajaknya, paling tinggal satu istirahat selesai)
13. Mangkat  
Indonesia: meninggal  
Using: memulai
- a. Ayo kabeh melebuwa, pengajiyane arep mangkat. (Ayo masuk semua, pengajiannya akan dimulai)
- b. Nganteni tembung mangkat, hang enak ngumbe kopi sulung. (Menunggu sepakbolanya mulai, enaknya minum kopi dahulu)
14. Tegar  
Indonesia: kuat hati; tabah  
Using: mencoba
- a. Tegarna sulung sepatune cukup tah using! (Coba dulu sepatunya, cukup atau tidak)
- b. Durung ditegaraken wis ngomong sing cukup. (Belum dicoba sudah ngomong tidak cukup)
15. Tempur  
Indonesia: berperang  
Using: membeli beras
- a. Kadhung nyang pasar nempura beras sak kilo. (Kalau ke pasar, belikan beras sekilo)
- b. Berase wis entek mari ditempur Kang Maman kabeh. (Berasnya sudah habis dibeli oleh Kang Maman semua)

(Satria Pujangga)



# Lomba

## Ngarang Cerita Cendhek Basa Using 2019

**B**uru taun iki sakat kawitane Lomba Ngarang Cerita Cendhek Basa Using taun 2013, hang menang kabeh lare wadon. Lan, ana hang nggawe girang, SKB nemu siji maning penulis hang nduweni bakat gedhi ring donya ngarang nganggo basa Using.

Lomba hang dianakaken saben taun sakat 2013 iki dikarepaken bisa njaring penulis hang temenan bisa milu nguripi donya sastra Banyuwangi. Kadhung wong utawa lare hang wis ping telung kesempatan Lomba ulih piala, hing ulih maning taping diwani tantangan nulis kanggo sak buku dhewek. Ana hang wis kedadeyan, yaiku lare Boyolangu hang wis ping telu nggondhol piyala kategori Umum Ahmad Muzakky. Tepak ulan Mei sore, buku kumpulan cerita cendheke hang nduweni judhul Lancing Tanggung wis diluncuraken lan akeh hang gelem maca. Tantangane saiki paran? Nulis novel!

Mula saben taun, Lomba iki diumumaken biyasahe ring ulan Mei. Taun iki semono

uga arep diumumaken tanggal 26 Mei, tapung merga hing patiya akeh lalare sekolah hang milu, pengumumane diunduraken sampek tanggal 23 Juni. Nawi akeh hang ketungkul ujian.

Temenan, lalare sekolah hang milu Lomba kaya gemerudug sedurunge dina penutupane tanggal 15 Juni, masiya hing sak akehe tahun sore hang mecahaken rekor peserta Lomba.

Akehe peserta:

Taun	SMP	SMU	Umum
2018	26	13	28
2019	13	11	22

Hang ngagetaken, taun iki hang menang kabeh lare wadon. Ale ring kategori Umum, ana 13 lare lanang lan 9 lare wadon. Ring kategori SMU, ana 4 lare lanang, 7 lare wadon. Kadhung SMP hing maido, merga kabeh hang ngelebokaken

## Lomba

---

karyane lare wadon kabeh.

Ring Lomba ke-7 taun 2019 iki, hang ulih penghargaan Terbaik:

### Kategori SMP

Terbaik 1: Isun Iki Gandrung (Puspita Anggraini PWS)

Terbaik 2: Sepatu Futsal (Dwi Ayu Novianti)

Terbaik 3: Dudu Kanca (Fitrin Ramdhani Prihandiva)

### Kategori SMU

Terbaik 1: Welase Kacang Unting (Ridzkiya Karimatus Sholeha)

Terbaik 2: Segu Wis Kadhung Dadi Jenang (Ulfa Muzayyina)

Terbaik 3: Merga Donyane (Ridzkiya Karimatus Sholeha)

### Kategori Umum:

Terbaik 1: Balika Sira (Nur Hidayah)

Terbaik 2: Nyancang Sapi Dhadhunge Kuning (Siti Maesaroh)

Terbaik 3: Wayahe Ngerujaki (Ida Nursafitri)

Bakat anyar

Kadhung sedurunge, Lomba iki wis nemokaken Ahmad Muzakky hang wis ping telu tau dadi pemenang Terbaik kategori Umum, ring taun iki ada lare SMU Giri hang aran Ridzkiya Karimatus Sholeha hang njumbul mborong penghargaan Terbaik 1 lan Terbaik 3.

Setemene Kiki, celukane lare Olehsari (Lulian) iki bakate wis katon sakat iyane ring SMP Glagah. Tahun 2017 iyane wis tau ulih penghargaan Terbaik 1 kategori SMP ring Lomba iki. Iyane hing mung bakat nulis basa Using. Tapi ya pinter pisan nulis cerita cendhek basa Indonesia, pinter pidhato pisan. Teka endi ulihe pinter basa Using? Liyane iyane mula anake wong Using lan manggon ring Lulian, hing maido pisan Kiki iki putune sesepuh budayawan Kemiren Pak Serad hang diwarisi uwite duren abang.

Kaya Zakky, tantangane kanggo Kiki, nulis cerita cendhek maning hang akeh, makene bisa dikelompokaken dadi sak buku. Malah kadhung iyane gelem, bisa nulis pisan novel basa Using.

(AJ)

# GANDRUNG PONITI JENGGIRAT TANGI

**M**ak Pon utawa Poniti, Gandrung lawas asale teka Genitri, Gendoh Sempu. Naming saiki manggon ring Tegalmoyo, Desa Kemiri kecamatan Singojuruh, Banyuwangi. Aja takon pirang album kaset rekamane. Wis sing keitung. Belajar nggandrung sakat umur 8 tahun, penter ngaji lan dadi juwara qiroah ring kampunge.

Sakat taun 1963, kira-kira umure magih welasan taun, Mak Pon cilik wis didapuk dadi gandrung profesional. Pirang-pirang kelompok kesenian Gandrung ring sak ubenge Mangir, Temuguruh lan Singojuruh wis dipiloni. Mak Pon ya ngerasakaken, tau sing olih dadi gandrung wayah ana kedadeyan G 30 S/PKI taun 1965.

Mak Pon buru nggandrung maning, sak uwise Pemkab Banyuwangi liwat Bupati Joko Supaat Slamet ngulahi lan nguweni panggonan hang apik noring gandrung. Sak durunge gandrung iku ngamen keliling kampung, naming marek iku sing ulih lan diweni panggon ring acara resmi lan wong duwe ewuh, utawa duwe gawe sunatan lan pengantenan. Gandrung dadi lebih aji, timbang keliling ngamen.

Sak liyane rame tanggapan, Mak Pon ya kerep melebu rekaman kaset sakat kawitan taun 1970-an (iki bisa dideleng ring Youtube: ARTEVAC CHANEL) Mak Pon uga dadi jujukane calon Gandrung ring Banyuwangi, arep belajar njuged lan nembang gandrung. Malah Mak Pon iki duwe cara dhewek kadhung arep ndadekaken gandrung, masiya ring gandrung didikane mau Mak Pon diceluki kejem lan bengis. Iki mau dilakoki Mak Pon, mane gandrung iku temenan ulihe nembang lan njuged.

Salah sijine gandrung ring Banyuwangi ngaku, kadhung iyane bengen tau didelep-delepaken ring kedhung wayah subuh, malah kadhang ya

daludalu. Iku mau kanggo ngelatih suwara hang diasilaken mane apik sing pingseng. Iku salah siji carane Mak Pon, alae jaman sak mono kadhung arep ngukur suwara biyasahe mung kongkon ngomong ngadhep tembok.

Mak Pon umah-umah ambi Bajuri utawa Kik Juri, pangsiunan Perkebunan hang uga tukang ider sampur donge wayah ana gandrung. Mak Pon ngakoni, belajar urip dadi seniman gandrung, akeh piwulang teka almarhum lakine. Mangkane tepak ditinggal ninggal donya, Mak Pon kaya wong melaku kelangan teken. Dibelani menyang Jakarta, urip dadi buruh. Tapi lakon uripe tambah kesiya-siya jaman, kerep diapusi uwong lan pungkasane milu anake hang umah-umah ring Kalimantan.

Rungu jare kanca hang tau ngerti Mak Pon, ambekana urip saben dinane magih susah, kadhung dijaluki tulung melaku lan teka paling sulung. Mak Pon uga kerep diajak ngelatih kesenian Banyuwangi hang urip ring boroan. Tangan adheme, ndadekaken Mak Pon akeh hang ndhemeni.

Serta urusane mbantu ngerumat putu wis mari, Mak Pon aju milih mulih nang Genitri. Pungkasane milih manggon nang Tegalmoyo, Desa Kemiri Kecamatan Singojuruh sampek seperene, naming aran Mak Pon lan ubede nang kesenian gandrung jaman bengen akeh hang lali. Malah ana hang ngelali, kadhung Mak Pon iku duwe labuh nang mekar perujuke Gandrung Banyuwangi.

Mecungul Kesilep Uripe Mak Pon

Tahun 1980-an dadi taun emase Mak Pon, merga taun sakmono akeh tanggapan sampek teka njabane Banyuwangi. Gandrung hang duwe suwara ulem lan durung ana ngembari iki,

## Gandrung Poniti

tau urip seneng. Masiya dadi rabine Kik Juri (Bajuri) hang keloro, Mak Pon rumangsa seneng lan tentrem. Jaman sak mono umahe ring Genitri ya gedhi bisa diarani wong cukup.

"Kakikira Juri (Bajuri almarhum lakine Mak Pon) Lik, ambekana Isun rabine hang keloro taping welase seru gedhine nang isun. Merga Isun bisa ngeladeni paran hang dikarepaken. Pancen Isun anake wong tani, tandang iku sarwa telikas. Kik Juri iku maning enak diajak ngomong lan gelem ngemong, paran maning beda umur ambi Isun. Iyane sing tau ngelarang isun nggandrung. Malah disokong, angger nampa tanggapan hang ring njabane Banyuwangi. Jaman sak mono kerep tanggapan ring Jember sampek Probolinggo," jare Mak Pon ambi ngangen-angen jaman bengen.

Tau duwe anak ambi Bajuri, naming aju sing ana umur. Mak Pon aju njuwut anak pupon teka dulur-dulure ring Genitri. Sampek gedhe lan umah-umah, saiki wis duwe putu. Mak Pon aju keras uripe mulai kedhungsang-dhungsang, serta ditinggal Kik Juri taun 1995 kepungkur. Sakat iku uripe mulai sing kakaruwan, utang merono-merene. "Isun belani megawe paran bain, angger bisa mbayar utang. Jamane Bupati Samsul Hadi, rada bisa lega nutupi utang. Kerep diundang nang pendhapa lan diwani sangu. Malah Pak Samsul takon, paran hang Isun butuhaken," jare Mak Pon hang tau dadi babu lan buruh nadur iki.

Masiya urip susah, Mak Pon karepe sing gelem ngerepoti dulure lan wong liya. Ana salah siji anak angkate hang dirabi Polisi, saiki uripe seneng. Karepe Mak Pon diajak manggon nang umahe, sing usah sara-sara megawe. Malah dijuluk ngelatih Gandrung putu teka anak angkate mau, naming Mak Pon sing gelem merga sungkan nang mantu angkate. "Isun iku, urip sak anane. Pokok sing duwe utang wis lega, Lik," jare Mak Pon hang magih kuat nunggang sepindhah montor dhewek seperene.

Mak Pon saiki katon seneng penyawange. Merga wis akeh hang nggatekaken. Masiya sing duwe

anak kandhung, taping lare-lare enom, utamane para seniman akeh hang gati nang Mak Pon. Ana guru tari teka Kemiren aran Samsul, iku sakat Mak Pon menyang Jakarta sampek Kalimantan terus nggoleti. Pungkasane kecaruk nang Genitri. "Kula belani madosi pirang-pirang ulan, serta runggu Mak Pon dugi Kalimantan. Kula sak perlu ngajeni teng jasa-jasane Mak Pon, merga kadhung mbonten Kula lan rencang-rencang, aju sinten malih hang gelem ngajeni Mak Pon," jare Samsul hang ajeg nekani Angklung Soren sak perlu ngurubi tekade Mak Pon.

"Kadhung wis digu, senengisun iku nana tandhingane wis. Lare-lare iki wis kaya anak dhewek, kadhung ana rejeki emake ya diciprati, sonder njaluk. Malah isun kadhung saiki akeh hang nggoleti lan ngundang nang endi-endi, aju katon nang lare-lare hang gelem ngangkat Isun teka kesilipe ring kedhung panguripan. Isun kerep nangis Lik ambekana dudu anak dhewek, kok magih ana lare-lare hang duwe kawigaten. Alae dudu sanak, dudu kadang. Naming wigatine nana watese," ujure Mak Pon ambi mberabak.

### Gandrung Regane Awak Wong Banyuwangi

Masiya arang nerima tanggapan gandrung, merga wis tuwek lan mung milih dadi sinden. Naming Mak Pon terus miloni mulur mekroke gandrung ring jagad kesenian Banyuwangi. Mak Pon ngakoni, pancen akeh hang nganggep gandrung iku kurang tepak. Naming sing gelem nyalahaken anggepan iku mau, mergane pancen ana sebagian gandrung hang kurang tepak. Sing weruh lan bisa nepakaken awake. Gampang kepilu nang penjaluke penonton, paran maning penanggap.

"Kudune Gandrung iku tetep ngugemi pelanggaran hang ana, masiya sing ketulis. Jaman bengen iku, ana maning penonton lan tukang paju, hang nanggap lan duwe picis bain sing ulih ketemu Gandrung. Penanggap mau mung bisa nemoni ketua rombongan gandrung,

sing bisa ngatur-ngatur Gandrung. Paju lan ngerepen, iku sing sembarangan gandrung bisa dikapak-kapak. Tukang keluncing bisa morang-moring, lan sing sungkan-sungkan nuthuk endhase tukang paju kadung wis kurang ajar nang gandrung," jelentrehe Mak Pon.

Jare Mak Pon, kadhung gandrung kepingin tetep lestari, kudu dibalekaken maning nang pelanggeran hang ana. Arep aran Gandrung Terob, Joged Gandrung, kadhung wis nggawa aran gandrung kudu dibalekaken nang tradhisi hang ana lan dibecikaken hang bengkong-bengkong iku. Gandrung iku regane awake wong Banyuwangi, kadhung ana hang ngerusak lan uga nggenengaken rusake gandrung, iku padha bain sing duwe kawigaten nang awake dhewek," ujare Mak Pon ambi prihatin.

Tau ana kedadeyan. Wayah diundang wong Banyuwangi kidulan, kebeneran wong Jawa hang sugih ring kono. Iyane karepe nggoleti Mak Pon sak durunge pentas, naming dicegah ambi rombonganane. Wayah sakmono. Kik Juri uga milu tanggapan, merga ambi dadi pengider sampur. "Wong hang nanggap mau ya ngengkel kepingin kecaruk nang lakinisun, alae hang diajak omong mau lakinisun. Bek Kik Juri iku sabar, masiya gedigu tetep diadhepi sing kathik muring. Alae jaman sak mono, wong hang nanggap iku arep paran bain bisa. Merga Kik Juri lan sak kanca rumangsa gandrung iku regane awake dhewek, kelendi bain kudu dijaga lan ditamengi mane sing rusak," jare Mak Pon ambi meh temetes iluhe.

### Diregani Amba Gubernur Khofifah

Kaya sing ana rugine Mak Pon mecungul, merga akeh hang ngangen-angen temakekan. Suwara hase Mak Pon pancen akeh hang kurang gati, ale iki 'aset' hang angel digoleti kembarane. Acak kadhung gelem ngeklik ARTEVAC CHANEL noring Youtube, ring kono akeh albume Mak Pon hang dipindah teka pita kaset nang file. Tekane Ketua DKB nang acara Tabuhan Soren, nduduhaken kadhung iki penting lan kudu

didukung.

Kapanane ika, aran Mak Pon mara-mara diundang nerima "Apresiasi" teka Gubernur Jawa Timur, Khofifah Indar Parawansa. Diweni kabar iku, Mak Pon antarane seneng lan bingung dadi siji. Seneng merga wis ana pejabat hang gelem nggatekaken, malah sampek tingkat Propinsi. Bingung, merga kudu njaluk tulung sapa ngeteraken sampek teka Surabaya mau. Alhamdulillah, ana kanca gelem ngeteraken lan nyewakaken montor. Masiya gedigu, Mak Pon karepe nak nyumbang dienggo mbayar montore, merga engko ulih picis teka Gubernur. Mesthi bain karepe Mak Pon mau ditolak, merga wis diniyati mbantu sonder kepingin njaluk balen.

Rabu, 23 April 2019 soren, Mak Pon sak rombongan nggadug Gedung Cak Durasim, Sekretariat Dewan Kesenian Jawa Timur (DKJT) sak perlu nampa penghargaan Apresiasi Seni teka bidang Seni Tari. Bareng Mak Pon ana Mbok Trik, teka Pancoran, Glagah Banyuwangi, uga gandrung lawas masiya magih ngisore Mak Pon adoh. Jare Ketua DKJT Jatim, Taufiq Hidayat alias Taufiq Monyong, acara iki bagian teka Program Gubernur Jawa Timur, Jatim Harmoni, yaiku kanggo ngeregani seniman mane bisa 'berkarya' kelawan apik.

Seneng lan bungahe Mak Pon kaya sing bisa disengidakaken, buru iki olih pengharagaan sampek tingkat Propinsi. Marek iku Mak Pon milu diitung, angger ana kegiatan ring Pemkab Banyuwangi ambi para seniman ya dikatutaken. Pungkasane wayah buka bareng seniman ambi Pemkab Banyuwangi, Mak Pon ya diundang lan ketemu kanca-kanca seniman hang padha tuweke. Seneng atine sing bisa diukur, merga arang-arang duwe kesempatan kumpul wong akeh lan para pejabat. Iyane kaya diuja, angger wong hang ketemu nyapa ambi nyeluk arane. Muga terus sehat Mak Pon, lan terus ngajari lare-lare enom nang seni gandrung hang bener. (Hasan Sentot)

# Pecel Banyuwangi



**B**iyasahe uwong njaban weruhe pecel teka Madiun, Blitar lan dhaerah kulonan liyane. Ring Banyuwangi uga ana pecel, cocog musuhe lonthong ambi Jangan Bali Ontong. Kala-kala ana hang nyedhiyani pisan Endhog Cit njangkepi Lonthong Pecel mauka.

Mula rada beda kadhung ndeeng akehe rambanan hang dienggo pecel ring Banyuwangi. Kadhung ring dhaerah liya, paling akeh ana limang macem, naming ring Banyuwangi aja kaget gok maceme kuluban bisa ana welasan macem.

Ana godhong kates, ontong, manisah, godhong genjer, timun kulub, kembang turi, seladhah banyu, terong, godhong kenikir, kecipir, kacang lanjaran, bayem Jawa, irisan jagung kulub, kangkung,

gundha, sayur sawen, lan sing lali cukulan hang magih cendhek naming lebih dawa timbang cukulan hang biyasahe dienggo rawon. Kadhung tepak usume belencong ya mesthi sing lali ana pisan ring antarane maneka macem kuluban mau.

Hang beda maning ring Pecel Banyuwangi yaiku sambel pecele. Kadhung ring dhaerah liya ana hang digerus alus, rada manis, ring Banyuwangi sambel pecele asin, pedhes lan ana kecute jeruk limo, kerasa seger. Gilingan kacange ya sing alus seru, naming magih ana kerasa kelethuse kacang gorenge.

Kadhung rika sing manggon ring Banyuwangi lan duyan pecel, aja sampek lali niliki windhule Lonthong Pecel Jangan Bali Ontong ring Banyuwangi.

(HZ)

## BUBARE KERAJAAN MOJOPAHIT LAN NGADEGE KEJARAAN BALAMBANGAN

*Dianggit ring M. Hidayat Aji WR.*

### BUBARE KERAJAAN MOJOPAHIT

Akeh tulisan hang wis mbahas anane ahir riwayat Kerajaan Balambangan, naming durung ana hang weruh kapan pasthine kerajaan ring pucuk wetan tanah Jawa iku ngadeg, sapa hang ngedegaken, lan ring endi panggonan kawitane kang sak benere. Ring tulisan iki, penulis kepingin nyuguhi rika teka sumber-sumber hang ana ring; Pararaton, Negarakertagama, Prasasti Pamintihan, Prasasti Waringinpitu, Suluk Balumbang, Babad Sembar, Babad Dalem, Babad Notodiningratan, lan Suma Oriental.

Ngomongaken Balambangan sing bisa ninggalaken Mojopahit, kerana ring jaman sakmono Mojopahit kerajaan paling gedhi lan paling kuwasa ring Nusantara. Mesthi bain nguwasani lan ngatur dhaerah-dhaerah hang ana ring tanah Jawa, lan kadhung ngomongaken Mojopahit hang pasthi sumber-sumbere sejarah ana ring Pararaton, Negarakertagama, lan prasasti-prasasti, hing bisa ditinggalaken gedigu thok. Hang nomer siji metani kapan Mojopahit iku bubar, apuwa sebabe bubar, lan ana hang selamet tah ring jaman sakmono?

Pararaton njelasaken "meledhose gunung ring minggu kuning, ring tahun saka 'Welut Wiku Anahut Wulan' (1372 S 1450 M). Baginda Prabu (Dyah Kertawijaya) ninggal ring tahun saka 'Bahni Parwata Kayeku' (1372 S/1451 M), aran resmi candine Kertawijayapura. (Sakteruse) Bhre Pamwatan uga tau manggon ring Keling lan Kahuripan munggah pangkat julukane abiseka Sri Rajasawardhana. Sang Sinagara (Sri Rajasawardhana) ninggal lan diserahkan ring Sepang ring tahun saka 1375/1453 M. Suwene telung tahun (1453-1456 M) nana rajane. Aju Bhre Wengker dadi raja diceluki Abiseka Baginda Hyang Purwawisesa ring taun saka 'Brahmana Saptaguna Anahut Wulan' 1378 S/1456 M. Terus

ana kedadeyan gunung meledhos ring minggu landep taun saka 'Pat Ula Telung Wit' 1384 S/1462 M. Baginda Hyang Purwawisesa sampek umur lan dikubur ring jerone Puri ring tahun saka 'Brahmana Naga Agni Citangcu' 1388 S/1466 M. (Sak teruse) Bhre Pandansalas hang manggon ring Tumapel diangkat dadi raja ring tahun saka 'Brahmana Naga Kaya Tunggal' 1388 S/1466 M. Kala sang prabu (Bhre Pandansalas) buru diangkat suwene rong tahun, terus ninggalaken keraton para putera sang Sinagara (Sri Rajasawardhana), yaiku; Bhre Koripan, Bhre Mataram, Bhre Pamwatan, lan hang kemunjilan Bhre Kertabhumi. Sang Prabu (Bhre Pandansalas) magih pamane. Baginda Prabu (Bhre Pandansalas) ninggal ring kedhaton ring tahun saka 'Cunya Nora Yuganing Wong' 1400 S/1478 M. sak teruse ana gunung meledhos ring dina minggu watugunung taun saka 'Kaya Ambara Sagara Iku' 1403 S/1481 M."

Nduwur iku mau kutipan teka ring Pararaton dadi pituduh rika sapa raja Mojopahit hang ninggal dunya ring tahun 1400 S/1478 M. Yaiku bekase Bhre Pandanalas hang arane ditulis nong njerone Prasasti Pamintihan tahun 1359 S/1473 M. Raja iku magih cilik diarani Dyah Suraprabhawalana kala diangkat tahta dadi raja kejuluk Sri Singhawikramawardhana lan duwe julukan abiseka Sri Giripati Prasuta Bhupati Ketubhuta Sakala Janardhana Nindyaparakrama Digwijaya Janggala Kadiri Yawabhumi Ekdipa. Mane gampang diarani bain Sri Singhawikramawardhana Dyah Suraprabhawa (kuwasa; 1388 S/1466 M - 1400 S/1478 M).

Tahun 1400 Saka kanggo para raja Jawa madak tahun hang ngawur kerana saben 100 tahun sepisan wis dipercaya dadi tahun ilange kuwasane raja. Lan ring tahun 1400 saka iku diengeti taun ilange utawa bubare Mojopahit

Negara gedhi kaya Mojopahit bisa bubar lan ilang dudu kerana diserang musuh teka njaba, naming kerana ana penghianat hang ana ring njero. Ring Pararaton disebutaken "*kala sang prabu*(*Bhre Pandansalas*)*buru dadi raja suwene rong tahun, terus ninggalaken keraton kabeh anake Sang Sinagara (Sri Rajasawardhana), yaiku; Bhre Koripan, Bhre Mataram, Bhre Pamwatan, lan hang kemunjilan Bhre Kertabhumi.*"Jak papat iku metu teka keraton lan ngedegaken pasukan ring njabane keraton,terus nyerang lan ngerebut kuwasa teka pamane, ahire nggawe "*Baginda Prabu (Bhre Pandansalas) ninggal dunya ring kedhaton tahun saka 'Cunya Nora Yuganing Wong' (1400 S/1478 M).*"Baginda Prabu Sri Singhawikramawardhana Dyah Suraprabhawa iki hang ana ring Babad Tanah Jawa kejuluk Prabu Brawijaya.

Ring njerone perang pemberontakan iku dudu mung Baginda Prabu Sri Singhawikramawardhana Dyah Suraprabhawa hang gugur ring Kedhaton, naming pemimpin pemberontak iku uga katut gugur, yaiku *Bhre Koripan* hang ring Prasasti Waringinpitu tahun 1447 kejuluk arane Wijaya Parakrama Dyah Samarawijaya, uga dikutip teka ring Pararaton nduwur iku mau yaiku keturunan Sri Rajasawardhana/Sang Sinagara. Sak marine iku adhik-adhike; *Bhre Mataram (Dyah Wijayakarana), Bhre Pamwatan (Dyah Wijayakusuma), lan Bhre Kertabhumi (Dyah Ranawijaya)* ngedegaken kerajaan anyar ring Keling. Sak teruse wong-wong iku mau dadi raja gentenan hang kejuluk Sri Maharaja Bhattara Keling. *Bhre Mataram Dyah Wijayakarana* dadi raja hang kawitan (1478-1476 M), sak teruse *Bhre Pamwatan Dyah Wijayakusuma* dadi raja mung sedhilut mung pirangane ulan sak teruse diganti hang kemunjilan *Bhre Kertabhumi Dyah Ranawijaya (1476-1527 M)*. Naming hing merintah teka Keling yaiku teka Daha. *Bhre Kertabhumi Dyah Ranawijaya* iku hang kasebut ambi Tomme Pires ring Suma Oriental kajuluk Batara Vojyaya.

### Ngadege Kerajaan Balambangan

Ring njerone pemberontakan tahun 1400 S/1478 M hang dilakoni *Bhre Mataram (Dyah Wijayakarana), Bhre Pamwatan (Dyah Wijayakusuma), lan Bhre Kertabhumi (Dyah Ranawijaya)* ndadekaken gugure Baginda Prabu Sri Singhawikramawardhana Dyah Suraprabhawa iku, naming anake raja hang sabenere calon dadi raja Mojopahit selamet kerana melayu ngetan. Sak temene sapa sih arane anake raja iku?

Nong njerone Babad Sembar ditemokaken; "*Wenten carita babad ing uni panedhak, Pangeran Bang Wetan Majapahit Kawitane, putera Bra Wijayeku Lembu Mirudha* ikang wawangi rusake *Majalengka (Majapahit), ngetan laku-laku tan ketang ring Pringgabaya (Surabaya)* dhadhawakan manjing alas mungga ardi tken<sup>g</sup> wana Blangbangan. ...*tulya anedheng Hyang Agung, arabi drebe putra anurunaken tedhak tumdhakaji ngawawa Jawa Wetan.*"

Sapa satemene *Lembu Mirudha* hang mlaku ngetan sampek nggadug ring Blangbangan iki? Ring njerone Babad Sembar yane ditulis nduweni anak lanang, yaiku "*Putra lanang ikang asepuh... paparab Emas Sembar ring Blangbangan.*" Artine iku Bapake Mas Sembar/Menak Sembar hang ana ring Blangbangan.

Blangbangan ring Negarakretagama taun 1359 M kasebut Balumbungan. Sakat tahun 1352 M ana ring Babad Dalem lan Suluk Balumbang-Kadipaten Balumbungan wis dipimpin keluarga Kepakisan keturunan trah Sira Dalem Sri Bima Chili Kepakisan. Kala ana kedadean pemberontakan ring Mojopahit lan ketekaan Pangeran *Lembu Mirudha*, anake *Brawijaya* tahun 1478 M hang dadi Adipati Balumbungan yaiku Adipati IV, *Menak Sopal (1461-1479)*. Ring Suluk Balumbang kasebut Mas Sembar putune Maharaja hang dadi mantu lan Patih Adipati Balumbungan. *Menak Sopal*. Aran *Menak Sopal* iku aran Raja Balambangan hang kawitan kasebut ring Babad Notodiningratan.

Kala Mojopahit bubar tahun 1478 iku, Kabeh kerajaan hang bengen dikuwasai mulai wani



ngadeg dhewek lan hing ngakoni kuwasane Bhattara i Keling; Bhre Mataram Dyah Wijayakarana, Bhre Pamwatan Dyah Wijayakusuma, lan Raja Daha Bhre Kertabhumi Dyah Ranawijaya. Dikawiti teka Demak, terus Gelgel-Bali, terus dipiloni Madura lan Balumbunan. Dhaerah-dhaerah liyane uga wani ngucapaken ngadeg dhewek-dhewek. Malah hing ngakoni kerajaan Daha lan Sultan Trenggana teka Demak uga ngerasa duwe hak waris teka kerajaan Mojopahit hang saiki dipimpin raja Daha Dyah Ranawijaya terus duwe karep ngerebut. Demak nyerang ring tahun 1524 lan tahun 1527 saingga bisa nyekel hang dikarepaken uga ngahiri riwayat kerajaan Daha hang ndadekaken rajane melayu nyang Panarukan.

Tahun 1479 M Adipati Menak Sopal mudhun pangkat dadi Pandhita, lan mantune hang aran Mas Sembar hang dadi gantine lan merdekaken kadipaten iku dadi Kerajaan Balambangan. Mas Sembar mbangun kutha anyar yaiku kutha Bara atau Kutha Sembara hang saiki dadi Semboro ring Kabupaten Jember. Mas Sembar uga milu acara gelar para penguwasa Balumbungan sak durunge yaiku nyandhang gelar Menak, dadi Menak Sembar. Kerana iku mangkane Menak Sembar dadi raja Balambangan hang kawitan uga pantes didadekaken urutan raja paling dhuwur ring wit silsilah leluhur raja-raja Balambangan miturut Babad Sembar lan Babad Wilis.

Saiki wis nemokaken jawaban sapa raja Balambangan hang kawitan. Ngadege kerajaan Balambangan iku tahun 1479 aran Rajane Menak Sembar putune raja Brawijaya hang pusat kerajaane ana ring kutha Semboro Jember.

### PUNGKASAN

Petang sampik limang abad kala landa jaya njajah tanah Jawa, sejaraha diuwah nganggo judul *Devide et impera*. Landa nggedhek-nggedhekaken cerita *Pasunda Bubat* lan *Paregrek*. Kadhung *Pasunda Bubat* dipilih dienggo ngedu Pajajaran (suku Sunda) ambi Mojopahit (suku Jawa). Mangkane cerita

*Paregrek* dipilih dienggo ngedu Majapahit (suku Jawa) ambi Balambangan (suku Osing) ring cerita kesenian Wayang Krucil lan Serat Damarwulan.

Pintere Landa ngedu cerita iku mau uga ngedu liwat Agama. Kadhung dideleng teka ring sejaraha sebab-sebab bubare Kerajaan Mojopahit (Hindu-Budha) tahun 1478 M hang disebut ambi golongane Landa kerana serangan Sultan Fatah teka Kerajaan Demak (Islam). Ring cerita iku dilebokaken ngedu golongane Agama. Akibat Hindu-Budha (lan Kejawen) hang mung sitik nyalahaken lan mbangkeli Islam hang golongane paling akeh. Ahire ndadekaken kabeh hing rukun. Donge penduduk pribumi wis hing rukun lan sing bisa dadi siji Landa gampang nyerange lan pribumi sing bisa ngelawan Landa saklawase.

Kadhung dideleng teka urutan sejarah ndhuwur iku, katon lucu lan katon seru ngaclake, endi ana tawih Kerajaan Balambangan hang buru ana tahun 1479 bisa milu perang ngelawan Mojopahit hang wis bubar setahun sak durunge Balambangan ana. Mojopahit bubar (1478). Uwis lah magih akeh cerita-cerita sejarah hang seliweran kadhung digathukaken cerita utawa dongeng mesti bain luput kabeh. Masiya iku bangsa iki bangsa hang sabar. Masiya Landa wis mulih nyang negarane rika lan isun magih ikhlas lan demen ngelestarekaken adu-aduan iki.

### Sumber:

1. Pararaton,
2. Negarakretagama,
3. Prasasti Pamintihan,
4. Prasasti Waringin Pitu,
5. Suluk Balumbang,
6. Babad Sembar,
7. Babad Dalem,
8. Babad Notodiningratan, dan

Suma Oriental.

# GEMBRUNG

**K**esenian Gembrung iki ana hang ngarani, Dikiran lan Burdhah Banyuwangi, merga pancen has Banyuwangi kadhung ngerungokaken timpalan terbange lan laik-laik sholawatane. Gembrung magih bisa ditemoni ring dhaerah Kemiren, Kecamatan Glagah Banyuwangi. Malah nyebar nang pirang-pirang dusun, Mandaluka, Jambesari, lan Kopen Dukuh.

Wong-wong ring Banyuwangi eloran kana, kadhung acara Tingkeban, Mudhun Lemah, Penganten lan Sunatan, magih kerep nanggap Gembrung. Merga isine sholawatan lan puji-pujian nang Kanjeng Nabi Muhammad lan nggawa keagungane

*Ora Malah, Makane tepak seru dicelukaken  
hiburan kang asal saka nganti tumunan.  
mag diweruhi, ming cilu maning  
kesenian iku sak liyane watah  
ngethuhur man.  
nang isun, iyane ya  
Gembrung iki  
bumi*

lare-lare enom ring Dusun Mandaluka, Kemiren. Malah Kelompok hang magih sedulur mau, tau diundang mentas nang Surabaya ambi Lembaga Seni Budaya Muslim Indonesia (LESBUMI) Pengurus PWNU Jawa Timur telung taun kepungku

Kang Pur ngakoni, wayah ngenalaken maning nang masyarakat njabane Kemiren iyane nyeja ngubah aran dadi Burdah Banyuwangi. Merga mane rada diterima ambi manyarakat liyane lan ana uga dhasare emeh padha ambi Gembrung. Ara Banyuwangi digandhengaken nang aran Burdah, tujuwane ya padha mane wong Banyuwangi sak liyane Using hang nerusaken lan nguri-nguri Kesenian iki mane ulih panggonan lan sing rumangsa disingkrihaken merga aran.

*Video kiriman Kang Pur Budaya Osing r  
Facebook iki, gabungan kelompok  
Gembrung teka Mandaluka, Kemiren,  
Kopen Dukuh lan Jambesari. Wong-won  
iku minangka tetuweke kesenian Gemb  
teka dusun-dusun iku mau, sak liyane  
magih ana Kesenian Gembrung utawa  
Burdah Banyuwangi hang dikoni la  
Panggon ana ring M  
keliling nekami u*

### Miloni Jaman

Kudu diakoni, mekare kembang kesenian dhaerah Banyuwangi sing luput merga teka saingan ambi kesenian dhaerah liyana hang dikelola kelawan cara moderen. Iki mau kanggo narik minate masyarakat mane sing mingser nang kesenian liya, mane betah milu nguri-nguri pisan.

Kawitane miturut keterangan Kang Purwadi Kemiren, tabuhan Gembrung iku ana 10 akehe. Terbang wungkul cilik loro akehe, diarani Gendhung Lanang lan Gendhung wadon. Tabuhan Gendhung iki tabuhan timpalan, kaya kendhang lanang lan wadon. Liyane iku magih ana Terbang Bunder Wungkul Gedhe, yaiku hang diarani Gembrung. Nabuhe Gembrung bareng, sing nggawe timpalan kaya nabuh Gendhung.

Antarane tahun 1980-an, serta rame-ramene Kesenian Kendhang Kempul, ana penemu kanggo miloni jaman lan nuruti karepe masyarakat, aju dilebokaken tabuhan tradhisional Banyuwangi yaiku Kluncing lan kempul utawa kethuk sepasang. Iki mau, karepe mane ana kahanan anyar lan nggawe penonton betah. Paran maning kadhung kanggo ngiringi syiiran hang dijuwut teka Kitab Al Barzanji, tapping cengkoke lan laik-laik has Banyuwangian.

### Kesenian Religi

Kadhung ndeleng teka tabuhan kawitane, jelas Gembrung iki kesenian pengaruh Islam. Umume kanggo tabuhan keplak, alias "perkusi". Paran maning hang diwaca, kabeh mau diwaca teka Kitab Al Barzanji.

Aran Al-Barzanji dhewek dijuwut teka arane Syekh Ja'far al-Barzanji bin Hasan bin Abdul Karim. Iyane lair ring Madinah taun 1690 lan ninggal dunya taun 1766.

Wayah kondangan, Gembrung utawa Burdah Banyuwangi iki manggung sewengi jampleng. Dikawati marek sembayang Isyak lan pungkas ngarepaken subuh. Kabeh hang diwaca njuwut teka syiiran ring Kita al-Bazanji, naming sing diwaca kabeh, dipilih-pilih ambi angger-angger kelompok. Malah kerep bedha antarane kelompok Gembrung siji lan sijine, kadhung njuwut syiiran ring Kitab al-Barzanji mau.


Bengene, kesenian Gembrung iku 70 persen murni kesenian agama hang dijaga wutuh teka tuntunan hang ana ring Kitab Al-Barzanji. Sisa 30 persen liyane, diisi ambi kesenian dhaerah gendhing-gendhing Using hang magih didhemeni masyarakat. Mangkane melebune tabuhan keluncing lan kethuk mau, kanggo ngepolakaken iku mau.

Saikine, 'kompisisi' religi lan dhaerah iku diwalik mane bisa terus urip lan disenengi masyarakat. Masiya gedigu, unsur religi iku terus dijaga ngadeg jejege, mane sing seru-seru meleset teka pelanggaran hang ana, masiya sing ketulis. (HS)

Keterangan Foto/Video: kirimane Kang Pur Budaya Osing

# KELENDI NNGAWE SYAIR GENDHING BANYUWANGI HANG ENAK?

Anggitane: Elvin Hendratha



Cathetan gesah ambi  
Pak Andang CY,  
penganggit gendhing Using.

**R**aina hang panas tanggal 14 Mei 2017 kapanane, Pak Andang CY katon buru tangi turu. Unine tilpune buru bain nangekaken. Kanca sepantaran, Hasnan Singodimayan, ngabaraken, tekanisun nyang Welaran. Peraupane kaya katon pucet, kurang sehat abete. Edheng sun rungu, nawani kon lungguh. Arine, anak kemunjilanisun, nyapa ambi uluk salam lan ngambung tangane. Isun rada hing enak, merga ngganggu ngasone lan turu awane.

Sak mareke uluk salam, Isun mbukak omongan ambi pitakonan hang nggodha.

"Pak Andang, Banyuwangi nduwe 2 PR (pekerjaan rumah) hang durung rampung, hang ngancam mekar perujuke kesenian."

"Paran iku?" Pitakon mbalike Pak Andang ambi rada kaget.

"Pak Andang, Banyuwangi pancen wis nduwe daya nggawe lare enom njuget Gandrung, taping sayange magih diiringi CD (Compact Disk) utawa wiyaga ambi sindene. Kelendi kadhung Temu, Supinah lan Koesniah sing kober ngewarahi? Ale noring kesenian Gandrung, njuget lan nembang iku sak paket lan sak bungkus?"

Iyane katon manthuk-manthuk, ngeleyang adoh pikirane. Isun aju nerusaken omongan: "Hang kelo, apuwa syair Banyuwangi saiki kurang enak lan sing nduweni nilai seni? Kaya mung methik omongan paran anane ring saben dinane kanggo didadekan syair gendhing. Sing ana maning Wangsalan, karep utawa pilihan ujar hang enak lan pas," dawa ngelambar isun nyeritakaken rasa kuwatir nang kedadeyan hang ana saiki iki.

Kayane pancinganisun ana asile, iyane mangkat kerasa lan nggatekaken paran hang sun omongaken. Siji-siji pitakonanisun dijawab lan dijelasaken.

“Gandrung hang mung bisa njuget lan sing bisa nembang, iku PR kita kabeh. Sing terima dadi tanggungjawab seniman tuwek, tapping kudu ngajak kabeh unsur-unsur masyarakat. Kelebu pihak Pemerintah Daerah Banyuwangi, tapi sayange pemerintah dhewek seneng-senenge memengan politik.”

“Jugetan kerasa mung dadi seni obahe awak bain, sakteremene nyawijekaken ambi nembang malah dadi unik lan njelimet kanggo wong-wong akeh. Sak benere daya kanggo iku wis kepikir, tapping durung ana wujud pegaweyan hang nyata. Noring bidang politik lan ekonomi wis dilakoni, tapi durung nyemak nang Budaya. Alae iki hang paling ketara,” tambahe.

Seniman hang wis tahu jungkir-walik lan akeh ngasilaken gendhing sakat taun 1965 sampek taun 1990-an iki nyeritakaken, hang nggarahi melorote mutu syair gendhing Using yaiku ana kahanan penganggit gendhing hang kepingin gancang ulih picis. Jare Pak Andang, sak benere iki wis dadi gejala sak mesthine mecungul merga obahe jaman. Pengaruh teka butuhe urip, singgungan lan campuran teka dhaerah njaba malah donya manca akeh mekar kembang kesenian sak teruse.

“Noring pengalamanisun nganggit gendhing Banyuwangi, kudune penganggit gendhing aja diwatesi wektu kudu mari, tapping gemantung ambi kahanan lan pikiran hang dadi inspirasi. Tuladhane wayah pengalamanisun megawe bareng ambi BS Noerdian, sak gendhing bisa digarap bareng-bareng sak dhet sak nyet. Tapping bisa uga sampek ngalami uwah-uwahan ping loro ping telu. Naming Isun lan BS Noerdian sing

ngerasakaken dhung diuber-uber supaya marekaken,” jare temenan.

Noring laku megawe bareng nggawe gendhing mau, perlu kudu diedegaken rakete pikiran kanggo nggawe rasa nguripi. Rakete ambi seniman liya kudu dilakoni kelawan cara serawungan lan sanja. “Isun parek seru kaya dulur ambi BS. Noerdian lan Machfud (Machfud Hariyanto almarhum – Red) utawa liyane. Gedigu Isun lan iyane pada tukar kaweruh, merga gendhing lan syair iku dadi siji lan nyawiji hang wutuh. Machfud kadung nyang umah isun udude mesti dedegan, merga wis parek kaya keluarga dhewek.”

“Dayane bisa maca pikirane kanca, iku salah sijine hang penting, merga bisa ngeweni gampange laku ngejawatahaken unek tabuhan utawa lirik hang dianggit bareng. Embuh iku gendhing hang dianggit sulung, utawa syair hang kawitan digarap. Machfud kerepe nduduhaken nang isun kanggo ngerungokaken ‘sol-mi-sasi’ gendhing, Isun mesti terus paham. Aju dadi gendhing Perawan Sunthi. Utawa kaya wayah Isun nggawe gendhing Umbul-Umbul Belambangan ambi BS. Noerdian. Dikawiti ambi isun deklamasi ring ngarepe iyane nguwekaken syair hang sun anggit, aju BS Noerdian nerjemahaken ambi cara tabuhan (musikalisasi). Isun lan BS Noerdian ketemune temenan, paran maning wayah nggawe syair. Damakena gendhing iku dhewek, Isun anggit taun 1974, aju dipopuleraken ambi murid-murid SPG (Sekolah Pendidikan Guru) Pandan, Genteng. Anehe buru anjrah sak uwise 20 taun, wayah digawakaken ambi Tim Bupati Syamsul Hadi almarhum wayah taun 1994 ring Jakarta.”

“Hang seru pentinge kanggone penganggit gendhing Using, yaiku gelem njugeri hang diduweni arupa ‘kearifan lokal’ Banyuwangi

dhewek. Sing perlu adoh-adoh, cukup njuwut lan ngelatih rasa nyang kahanan hang kedaden ring kiwa tengene, cukup teka urip lan penguripan sedina-dina wis akeh hang bisa diceritakaken liwat gendhing Banyuwangi. Penguripan sedina-dina bisa didadekaken sumber pikiran lan angenan. Sambate wong Banyuwangi iku beda, aja gampang ngelebokaken ukara teka njaba, merga dudu panggone lan beda rohe. Iki penting kudu digatekaken, merga iku dudu unen-unen, seni iku duduk ewer-eweran. Tuladhane gatekena gendhing *Padha Nonton*, wayah ngomong "Kembang menur, melik-melik ring bebentur Ya.. sun siram alum, sun pethik mencirat ati. Lare angon, gumuk iku paculana. Tandurana kacang lanjaran, sak unting ulih perawan," iki seru apike unen-unen jaman bengen.

"Sak njerone nganggit gendhing Isun mesti ngerekadaya nggolet pilihan ujar yang njelimet, hang iku kudu Sun cekel teka penguripan sedina-dina," sambunge. "Isun mesthi ngoberaken ngerungokaken omong-omongan hang paran anane ring kiwa tengenisun, ring endi bain ring Banyuwangi, kanggo ngelompokaken pilihan ujar apik lan enak hang arang dirungu atawa dienggo. Saingga mengkone bisa ditemokaken ujar-ujar hang pancen dadi pilihan. Malah Isun duwe buku husus kanggo nyathet ujar-ujar iku, kerep isun nyathet mung sak lembar kertas bungkus udud aju sun salin ring umah. Gatekaken ambi cara teliti makna hang beda angger ujar, tuladhane kanggo nggambaraken uwong hang tiba bain, ana akeh ujar yang nduweni makna beda: njekapang, kesereb, kesandhung, kedelinges, keseliyo lan liya-liyane," tegese.

"Iki hang perlu Sun omongaken kanggo penerus, aja sampek nggolet (tabuhan/syair)

teka njaba, ring njero Banyuwangi wis akeh lan komplit, kadhung njuwut teka njaba iku beda rohe. Parang hang sing ana ring Banyuwangi? Tuladhane ring Temenggungan, panggonan laire kesenian. Kabeh wis ana lan gemelar mulai: angklung, ketoprak, gandrung lan liya-liyane. Iku minangka pesugihan hang seru gedhene kanggo terus dijugeri aju dimekarkembangaken. Hang lebih ngenes ring ati isun, kadung gendhing kulonan, India, Sunda, tapi diterjemahaken utawa diisi syair gendhing Banyuwangi, kan sing cocog?"

Isun aju ngomong nggeladrah nyang endi-endi, masalah enake mujudaken angenan noring kesenian jaman saiki. Cerita masalah peksaan lan curigane penguwasa nyang seniman wayah jaman bengen. Isun aju terus ngerungokaken, ambi kadang-kadang ya nimpali. Wayah sun ajak ngalih omongan nang donyane sastra, isun gawok seru sampek metenggengen wayah ngerungokaken Pusine WS. Rendra hang diwaca apal ring jabane pikiran: *Bukan jalan bertabur bunga. Sebutkan segala penjara yang itu adalah aku.*

Rasane sing entek-enteng omongan. Abane adan seru antere hang sun rungku, teka langgar ngarep umahe Pak Andang, isun kudu mungkasi ketemuan lan nangekaken Arine, anak isun hang keturon ring kursi, merga sing paham gesahisun ambi Pak Andang wayah bedhug iku. Temekakeken, adhep-adhepan hang kawitan lan pungkasan ambi Sang Maestro. Neda lila nyang laku Ndika Sang Maestro, sun lila Pak Andang teng lakundika. Donganisun mbarengi Rika ning alam liya, kesuwun hang akeh nyang Ndika hang wis ngabdikaken uripe kanggo Banyuwangi.


Lumajang, 06 Mei 2018 - Elvin Hendratha

# Putri lan Sisik Melik

**K**anca-kanca ring Paguyuban Sengker Kuwung Belambangan (SKB) kabeh ngerteni gok Lomba Ngarang Cerita Cendhek Basa Using hang wis dianakaken SKB sakat taun 2013, kekarepane yaiku:

1. Ngangkat sastra Using
2. Njejegagen basa Using utamane ring basa tulis
3. Nyugihni donya karya tulis Using hang ana
4. Mbeliyaki lan ngangkat penulis basa Using utama ring lare-lare murid sekolah hang mbisuke bisa nggawa oncor basa Using

Mangkane, tepak Lomba hang dianakaken taun 2019 sore mesthine ditutup lan diumumkan ulan April pungkasan, diunduraken sampek ulan Juni marek lebaran. Paran sebabe? Karya hang dikelumpukaken ring kategori lare sekolah SMP lan SMA magih durung akeh. Nawī merga tepak pengumuman iki akeh lare-lare hang magih milu ujian. Karyane lare sekolah iku penting. Lalare iki hang mbisuke bisa nguripi lan nguri-uri basa lan sastra Using. Njumbule antologi cerita cendhek basa Using teka ring lare SMP Srono iki seru nggawe



girang, kaya ulih banyu tepak ngelak wayah bedhug endheng. Biyasahe lare-lare sekolah, embuh lare SMP tah SMA hang milu Lomba rada endhat-endhaten. Kadhang hang milu Lomba hing sampek itungan akehe deriji. Taping kadhang ya emeh 20. Mara-mara iki ana lare hang duwe 12 judhul cerita hang wis bisa didadekaken sak buku. Yara kaya ulih duren teblukan.

Paran maning kadhung weruh gok Putri iki wong tuweke bapak Jawa emak Medura. Tekade kanggo nulis cerita nganggo basa Using seru gedhine, ngalahaken kurange ucap-ucap hang iyane weruhi lan luput basa tulis hang wis ana pelanggerane. (Wis ana Pedoman Umum Ejaan Bahasa Using hang diterbitaken Dewan Kesenian Blambangan tahun 2006).

## Putri

### Umpamane:

1. Hing cocok ambi pelanggaran penulisan basa Using baku:  
/ta/\* mesthine /tah/  
/emak isun/\* mesthine /emakisun/  
/laki isun/\* mesthine /lakinisun/  
/mlebu/\* mesthine /melebu/  
/duweni/ (ring konteks ukara mesthine) /nduweni/  
/biaya/\* mesthine /biyaya/  
/biasa/\* mesthine /biyasah/
2. Rasa basa:  
Durung bisa mbedakaken /rika/ lan /sira/
3. Nganggo basa Jawa/basa Indonesia (setemene wis ana basa Usinge)  
Apa=apuwa  
Badhe=ajenge  
Bar=marek  
Budhal=mangkat  
Cuba=acake  
Delok=deleng  
Dipendhem=dipetek  
Ditakdirna=wis tulise  
Duwit=picis  
Enek=ana  
Gur=mung  
Hing keneng diomongi (mesthine) =cengkal  
Jane=setemene  
Jodoh=jodho  
Jupuk=juwut  
Keloloten=kesereden  
Ketemu=kecaruk  
Langsung=aju  
Lek=kadhung  
Luwe=elom  
Mbak=mbok  
Mendhing=bangur  
Ndhuk=Beng

Nganteni ngarep lawang  
umah=nganteni nong ceracabane  
lawang  
Ngelus dada=metek dhadha  
Ngganggu=nyerintungi  
Ngguyu=munyak  
Ngunu=gedigu  
Pas=tepak  
Sampek saiki=seperene  
Sempat=kober  
Sesuke=kisuke  
Sik=sulung  
Sing pernah=sing tau  
Sing sabar-sabar=sing serantan  
Tak=nak  
Tas=buru  
Tuwa=tuwek  
Uduk=dudu  
Wedok=wadon

Masiya gedigu, dalan hang ana ring ngarep<sup>e</sup> Putri magih wera, hang dituju magih melip, magih akeh wektu kanggone iyane sinau maning lan mbecikaken paran kurange. Lan kanggone kanca-kanca sekolah sak umurane Putri, buku iki keneng dienggo pecut kang bisa nyemblaki lare liyane makene bisa milu nguri-uri basa Using kelawan duwe karya kaya Putri.

Ring tangane Putri lan lare-lare liyane iki, basa Using lan sastra Using dititipaken minangka tinggalane embah buyut kang kudu dieman-eman lan dikembangaken dadi basa hang bisa lungguh padha dhuwure ambi basa liyane.

Salamun wa taslimun  
(Antariksawan Jusuf)



# ULAN


## ANDHUNG-ANDHUNG

**P**ikiran supek, utek bumpet, rasane awak lara kabeh. Dhuh, kariya gedigi rasane urip. Megawe hing ana putuse taping kadhung hing megawe arep mangan paran. Sandhal? Rasa-rasane saben dina isine sambat bain, hing ana rasa sukur.

Lampu-lampu kutha wis padha murub, lingsir wis ilang kari langit kang peteng. Abete lampu setopan kelip-kelip genten-gentun abang, kuning lan ijo. Isun nyetir sepindhah montor Honda Astrea peninggalane apak ambi rada ngantuk. Mbeleyer-mbeleyer gas, dudu kerana sombong polae nganggo sepindhah montor antik, ana kerana kadhung sing diblayer, mesine mati. Polae iki tepak mandheg ana ring tengah lampu merah. Lampu ganti ijo, agage sun gas, unine perotongan, padhahal bengen unine sepindhah iki seru aluse.

Teka perliman lampu merah, sun bilukaken ngidul kira-kira 500 meter, ana warung kopi langgananisun. Emeh saben bengi isun mampir merene, embuh ngopi ambi ngudud, ya kadhang ngopi ambi maca buku, ngerjakaken tugas kantor kang durung tutug.

Bengi iki, kaya biyasahe isun mbalik maning. Kang duwe warung, Kang Nopi wis kaya dulur dhewek, polae wis langganan. Aja mung ngombe kopi segelas, gesahe suwengi, turuwa ana ring warung iku ya hing paran-paran. Saben bengi rame nyang wong kang ngopi uga gesah-gesahan. Gesah politik sampe gesah randha lan wadonan, ana kabeh.



Dina Rebo malem kemis kepungkur, isun merene, tepak warung iki rada sepi. Isun maca buku ambi ngudud, kopi sun geningaken, durung sun uyup blas. Ambu kebul-kebul weleke udud metu teka ring cangkem, matanisun nuluh nyang kursi kang paling pojok, adoh teka meja kasir, adoh teka mejanisun lungguh. Ring pojokan dhewek pinggir wetan. Abete ana lare wadon seru manise. Sing tau weruh isun lare iku sapa, kaya-kayaa buru merene kawitan.

Sun tulih teka adohan, larene akeh memangan HP. Rambute sak pundhak. Nganggo bonel kelir abang, merdep-merdep. Rok sak

ngingsore dhengkul sitik, lungguh sikil kang tengen ditumpukaken nyang sikil kang kiwa. Unyike larang, lambene sing tau mekar.

Sing suwe, sun tinggal nguyup kopi, lare iku mau mara-mara wis ilang.

"Kang Nop, lare wadon kang lungguh ring kana mau nyang endi?" pitakonipun nyang Kang Nopi, kang duwe warung.

"Buru bain mulih Wan." saute.

Kemis malam jumat. Mulih megawe, isun mampir nyang warung kopi maning. Niyatisun, mung maca buku, ngudud ambi ngopi. Ya ambi ngilangaken stres pegawean. Rada kelunjuk, isun weruh lare wadon kang soren bengi lungguh ana ring kursi pojok wetan. Lungguhe ya hing ngalih.

"lare iku maning yak." abanisun ana ring njero ati.

Kepingine kenal, taping nyapa bain hing wani. Maningan sapa isun kari-kariya bingkak.

Jumat malem Sabtu, sun cacak mampir maning, nyang warung kopine Kang Nopi. Lare iku lungguh ring panggonane soren bengi, hing ngalih blas. Buru isun melebu nyang warung, dungaren lare iku wis mberejag mulih. Saiki kathik bonel werna biru enom, kathik celana lepis. Isun mung bisa mandheg nyawang.

Malem minggu, isun sing mampir nyang warung kopi maning, polae ulih tugas kantor menyang adoh teka kutha, nyang kutha liya. Padhahal wis seru kepingine ngopi, kepingin ke aruk maning ambi lare wadon ika. Bengine kepikiran. Sapa arane, umahe ring endi, anake sapa.

Sun pikir-pikir maning, anu paran isun kok mikiri lare kang hing jelas, kenal bain using. Ngesel-ngeseli ati bain. Wis sun buwang adoh ana ring panggonane romot. Siya-siya bain.

Taping ya, sing dipikiraken, mara-mara ayang-ayangane teka kaya ana ring ngarepe mata.

Lakune, rambute, matane, kabeh sun engeti. Endane bisa kelaksan nyandhing?

Wis seminggu rasane isun sing ngopi nyang Kang Nopi, sakat isun dines kantor luar kutha. Wis seru kangene, dudu ambi kopine taping ambi lare wadon kang hing sun kenal, kang seminggu kepungkur ngopi ana ring kene.

"Lik, kari lawas sing tau merene?" Pitakone Kang Nopi.

"Tugas negara, Kang." sautisun.

Mata iki perdang-perding, nggoleti lare kang nyatane hing ana ring warung kopi bengi iki. Arep sun takokaken nyang Kang Nopi, sing juwari. Mandheg meneng bain. Bengi iki isun lungguh ring panggonane lare wadon ika lungguh, nawi tah larene balik maning temune bisa lungguh bareng.

"Wan!" Ana kang celuk-celuk aranisun. Tulah-tulah nggoleti suwara kang nyeluk isun iku mau. Nulih ngulonaken, ana lare kang dhadhah-dhadhah, nengeri kok lare iku kang nyeluk ana ring meja no. 8 pinggir kulon rada mojok.

"Woi Dit." abanisun. Langsung isun marani lare iku mau. Arane Adit, kanca kuliyah. Seru lawase sing tau kecaruk sakat mari wisuda. Luluse ya sing bareng, isun sulungan rong taun timbangane larene.

"Dit, kari lawas. Kelendi kabarira?"

"Sehat, Lik. Sira kelendi? Wis kawin? Anakira pira?"

"Magih durung Dit, hing payu-payu." Sautisun.

Sun deleng, Adit merene ambi lare wadon. Wedhake kandel, lipene abang, kelambine mekethet. Sakat bengen hing berubah nggawani lare wadon kang gedigu iku.

"Calonira tah Dit?" Abanisun.

"Calon paran? Using, kanca."

Suwi-suwi isun milu gesah ambi Adit, lan kancane mau. Isun rada heran, diarani kanca taping kadhung guyon ambi geredhoan aleman. Isun sampek isin dhewek. Kerana isun dadi kaya baygon, akhire isun pamit nyang Adit, sun balik maning nyang panggonan isun lungguh mau. Sun juwut buku kang ana ring njero tas, sun tutugaken maca buku kang lawas sing tau sun waca maning. Gedigi iki nasibe lancung kadhung hing duwe bakalan. Memengan nyang warung kancane kopi lan buku. Liyane padha keloronan, isun dhewekan. Liyane padha gesah sak kancaan, isun gesah ambi ayang-ayangan. Lumuh!

Ulih limalas menit isun maca, Adit mara-mara lungguh ana ring pinggir isun.

"Kari patheng?" abane ambi nabok pundhak isun.

"Kang Nop, kopi tambah siji engkas." abane Adit pesen kopi maning.

"Dit, kancanira mau nyang endi?" pitakon isun..

"Mulih wis"

"Kok sing diateraken?"

"Barangan wis gedhi, bisa mulih dhewek, anu paran diateraken. Apal dalam mulih." abane.

Isun mung mingel-mingel heran.

"Kapan Sira kawin? Sampek kapan klunta-kluntu dhewek? Abane Adit mara-mara. Asline isun sero sing dhemene ditakoni kapan kawin. Kadhung ana kang gelem, saiki ngajak kawin ya ayuk wis. Aja kathik ditakon-takoni. Untunge Adit iki magih sun anggep kanca akrab, wis gedigu wis lawas sing tau kecaruk.

"Durung nemu jodhone." abanisun.

"Golet kang kelendi sih? Aja kari kakehan milih tah mangkane."

"Sulung tah, Sira iki nakoni Isun wis kawin, Sira uwis tah?"

"Durung. hahaha"

"Perandane"

"Kadhung masalah kawin Isun iki wis ping

kaping-kaping."

"Kewan! Hing berubah."

"Haha"

"Terus lare iku mau sapa?"

"Gelem tah?"

"Emong." Abanisun ambi nguyub kopi kang wis rada adhem.

"Lik, sekali-sekali cacaken tah tambeng sithik, makene hing kuper."

"Hahaha... ajaranira iku, Dit. Sesat. Jerangkong ai." Abanisun.

"Kadhung gelem ambi lare iku mau, Sun kongkon balik. Limangatus ewu susuk."

\*\*\*\*\*

Dina Senin dalu tengah wengi, angine kerasa semilir adhem sero nyundep-nyundep nyang kulit. Jaket kang sun enggo tembus digerayangi angin. Warunge Kang Nopi magih rame, isun magih ana ring meja kang sering dipanggoni lare wadon kang ika, kang sun sing weruhi arane, kang magih sun anteni tekane.

Dhuh, golet jodho kok kari sero sarane. Aran Adit, lare wadon dienggo memengan. Ana isun kang niat apik, kepingin umah-umah, sing tau nemu kang temenan.

Jam rolas dalu tengah wengi. Matanisun wis pedhes, kepingin istirahat. Maca buku wis emeh tamat. Sun cepaki buku, ringkes, kabeh wis melebu tas. Nggeroh dhompot, ambi ngadeg nyangklong tas, melaku nyang panggone meja kasir. Tenaga wis kari siji loro, kesuk kudu magih ngantor melebu isuk.

"Kang Nop, kopi sak gelas, tambah Indomie ambi kacang asin," durung mari ngomong, ana kang nyelat.

"Kang Nop, kopi kaya biyasahe. Sun anteni ring meja pojok wetan."

Mata iki mau kerasa ngantuk, tenaga kari siji

## Ulan

---

loro, taping mara-mara melek, awak langsung seger kaya mari disiram banyu adhem. Sun tulih maning, sun pastekaken. Sapa kirane lare iku mau. Isun magih ngadeg ana ring meja kasir, lare iku ngadeg pisan ana ring pinggirisun.

Matanisun mandeng matane lare mau. Dheg!

Iki lare wadon kang sun anten-anteni! Iki lare wadon kang seminggu kepungkur ana ring kene nganggo bonel abang, rambute sak pundhak kang sing tau munyik. Taping bengi iki beda. matane kaya ulan andhung-andhung seru terange. Larene melaku nyang meja pojok wetan kang buru bain sun panggoni.

“Dhuh, munggaha mau aja agage mulih. Ndane balik maning?” Abanisun mbatin.

Atinisun dheg-dhegan, kemesar. Niyate arep mbayar terus mulih, malah isun lungguh maning, lungguh ring kursi ring ngarepe meja kasir. Mamang, diparani tah using. Sun tulih maning nyang meja panggonane lare iku. Ati seru kepingine kenal, taping sing tau wani.

Kang aran deriji lan tangan iki thothokan ana ring meja kasir. Bingung arepe kelendi. Arep diparani, taping hing juwari, digeningaken engko hing bisa turu.

“Kang Wan, paca mbayar tah tambah kopi maning?”

“Tambah sak gelas maning wis.”

“Oke. Mangkane tah lungguha kang anteng, aja kesusu mulih. Tambah bengi tambah rame.” Abane Kang Nopi.

“Kang Nop, Rika weruh arane lare iku sapa?” abanisun nguwanek-wanekaken takon.

“Isun sing tahu weruh arane, masiya emeh saben bengi ngopi ring kene.” isun mung manthuk-manthuk.

Abete Kang Nopi ngudhek kopi kang sun pesen, isun magih nulihi lare iku mau. Magih

penasaran.

Pokoke saiki kudu wani marek, takon arane. Sulung, makene jam 24.30 pas, isun marani panggone lare iku lungguh. Saiki jam tembok pandome kang dawa magih ana ring angka papat.

Sepuluh menit rasane kaya 10 jam, dheg-dhegen hing karuwan.

Teng!

Jam 24.30 WIB pas.

Mari nguyub kopi, isun mberejag ngadeg teka kursi ring ngarep kasir nekat arep marani lare iku mau.

“Isun kudu kenal.” Batinisun keras.

Buru mberejag, ulih sak jangkah, lare wadon iku mau nulihi nyang isun! Alakemak. Kelendi iki? Jangkahisun mandheg padhahal buru minjik teka kursi, durung seperipit.

Lare wadon iku mau ngadeg teka mejane, unyike seru manise, matane kaya ulan andhung-andhung. Lakune kalem, ambi nyekel tas cilik kang dicekel ana ring tangan kiwa. Lare iku melaku nyang arahisun.

Woh, Lakune beda. Sing nyang arah meja kasir. Ana kang diparani maning. Kayane uwong kang diparani ana ring mburinisun ngadeg. Isun penasaran sapa kang diunyiki, sapa kang diparani.

“Kang, Rika kari lawas, sing tau kecaruk.” Abane lare wadon iku, ambi gandhengan tangan nyang Adit.

“Kewan!”

# Gelang Alit

Dianggit ring Hani Z. Noor

"Fit, tukuen tah gelang alitisun, Isun butuh picis ya," gedigu unine pesen WA ring tilpun ceketheme Fitri teka Mumun.

"Byek Mun, endi ana picis lebih.. larang iku yara?" Hun balesi pesene mauka.

"Using Fit, Isun butuh picis temenan. Iki gelang alit ulih nemu tepak Isun tuku tas seken impor, dadi sing ana surate, murah bain wis," jawabe Mumun.

"Yee.. digu tah? Taping emas asli yara?" pitakonisun.

"Emas temenan Fit, wis tau Hungawa nyang tukang emas diperiksa nganggo air raksa," Mumun njelasaken.

"Ya wis dhung murah, keneng dienggo simpen-simpenan." Pungkasane hun putusi tuku gelang alite Mumun. Ya nulung, taping yara ulih emas murah, gedigu pikiranisun.

Iku kedadeyan telung tahun kepungkur, seperene gelang alit iki magih hun simpen. Modhele biyasah, ana matane kelir abang, durung tau hun takokaken nyang uwong kang paham bab watu-watuan, kadhung ndileng wernane kayane mirah delima.

\*\*\*\*\*

Setahun iki panggonanisun megawe ana urusan ekspor nyang Korea, dadine rada akeh komunikasi ambi wong kana. Kadhang disambi gesah bab drama Korea hang akeh didhemeni wong Indonesia. Isun ya dhemen pisan kala-kala muter drama Korea taping hang ceritanene kerajaan. Dhemen nyang ceritane, dhemen nyawang kelambine, cara

nata panganane, cara olah-olah lan sepiturute. Kuna taping katon endah.

"Fitri, minggu ngarep Mister Son Jung arep merene, tulung goletaken umah sewa kang apik ring dhaerah kulon kana. Ring Kemiren utawa Taman Suruh mendhuwur, polae iyane kepingin ngajak keluwargane ngelencer nang Banyuwangi, ndileng gandrung lan budaya liyane lan uga kepingin pisan menyang panggon-panggon wisata hang ana ring kene.. maningan nawi sing pernah dhung manggon ring dhaerah kang hawane rada ongeb." Kepala kantorisun ngewani weruh.

"Ahsiaap Boss.." saurisan ambi meringis nirokaken jawabane lalare saiki.

"Halaah.. Rika iki," Pak Kepala munyik. Jinggote hang wis mulai sembur kelir putih ngatonaken gok umure mula wis lebih teka setengah abad.

Mister Son Jung, iyane iki uwong hang duwe perusahaan ring Korea hang ana urusan ekspor impor ambi kantorisun. Perusahaan keluwarga, anak-anake uga milu megawe ring perusahaanane. Salah siji anake hang wadon ana hang paceke gesah kadhung tepak ana urusan ambi kantor, arane Son Chun Cha. Larene kira-kira sepantaran ambi isun, mulane kadhung gesah bisa dawa. Isun ya girang iyane milu teka, masiyatah gesahe kadhang nganggo basa sebisane campur-campur.

Persiapan wis hun gawe dhaptare, endi hang wis siyap endi hang magih kudu diurus utawa diperiksa maning ya wis ana pisan. Umah Tikel hang hun sewa ring parek Pemandian Taman

Suruh utawa Kali Kothak iki sing gedhi seru, taping kerasa seru Banyuwangine. Ana telung umah tikel hang duwe latar cilik hang ngubengi umahe, ana tanduran kembang melathi hang mageri ambalan umahe, ana pisan pethetan liyane, hang godhong-godhongan lan uga hang ana kembang werna-werni. Umah Tikel iki katon asri lan endah. Ring buritan ana latar rada wera ring tengahe ana bangunan pondhok cagak papat hang mung ditutup teropan gentheng sing kathik dipelester utawa keramik, naming mung lemah hang disemburi kerikil. Nong kono ana bengahan rada dhuwur, ring pareke ana diendohi rak piring kuna teka kayu, ana kawat ram hang dienggo mbakar, ana ketel, ana sublukan, kemarang lan liya-liyane. Jare hang duwe umah, panggonan iki mula dienggo gesah ambi mbakar jagung tah sawi, utawa mbakar iwak laut ambi nggodhog wedang dienggo teh utawa kopi. Ana pelanca lan sak set meja kursi teka kayu irisan wutuh, katon sagah naming tetep endah. Teka pondhok iki katon sawah lan gunung hang gemelar biru ijo nambah pernahe ati nyang sapa bain hang manggon ring kono.

\*\*\*\*\*

Montor muluk hang ditunggangi Mister Son sekeluarga nggadug Blimbingsari jam rolasan, supir kantor ambi Pak Bos Kepala Kantor wis mapag tekane ring bandara. Isun ambi kanca kantor liyane nyiyapaken panggon pertemuan ring kantor, suguhan lan liya-liyane. Umah sewa wis hun warahi gok engko rada soren dhayohe padha teka.

Suwarane montore Pak Kepala wis melebu latar parkir ngarep, isun melaku nyang ngarep mapag tekane Mister Son sekeluarga, hang pasti ana anake hang kepingin seru hun temoni.

*"Hello Fitriii.. you must be Fitri, aren't you?"* ana abane lare wadon mberak nyapa isun.

*"Heeiii... Chun Cha?"* pitakon isun balik.

*"Yeaay.. finally we meet up here in your hometown!"* Chun Cha nyalami ambi meluk isun. Seperene lare hang mung bisa gesah ring HP saiki ana ring ngarep isun. Larene ayu, katon sing mung wong sugih, naming kaya duwe getih ningrat.

Sakmarine salaman pisan nyang Mister Son lan nyonyahe, uga sekretarise hang milu lan asisten pribadine, Pak Kepala ngelajokaken nyang ruang rapat hang wis hun siyapaken sak suguhane pisan. Isun sing milu ngancani gesah, polae isun kudu mangkat nyang umah sewa sulungan, kuwatir nawi ana kurang-kurangering kana.

Kira-kira jam setengah papat, rombongan padha teka. Hun lajokaken Mister Son nyang Umah Tikel utama hang paling gedhi, Chun Cha ring umah pareke lan sekretaris ambi asistene ring umah hang ngarepe. Isun gancang nyiyapaken suguhan kopi lan jajanan kanggo gesah, rencanane engko bengi durung menyang endi-endi polae nawi magih lesuh. Isun wis pesen sega Tumpeng Pecel Pitik lengkap, uyah asem seladhah, iwak laut, urang ambi enus bakar. Muga-muga padha duyan nang olah-olahane wong kene, batin isun.

Mari maghrib kabeh wis siyap, wis temata ring meja kayu. Serta madhang isun girang, cumpu wong-wong iku duyan, madhang suguhan hang hun siyapaken. Isun lega, kari

ngancani gesah ambi mbakar-mbakar jagung, sawi ambi sabrang.

*"Beautiful ring.."* abane Chun Cha ring parekisun ambi nuding gelang alit hang ana ring derijin isun.

*"Oh.. is it? I bought it three years ago from a friend who urgently needed cash. She said that she got this ring from inside the used bag she bought from the second hand market."* Sautisun njelentrehaken.

*"Wow.. at first glance, it is similar to my family's inheritance ring,"* Jawabe Chun Cha maning.

*"Umm.. "* Isun kaya mara-mara enget..

*"Chun, suddenly I remember something.. there is a writing with Korean kanji engraved inside this ring. Would you read it for me?"* ucap isun ambi nyoplok gelang alit teka derijin isun lan hun elungaken nyang Chun Cha.

*"Son Geun Dang.."* Chun Cha maca tulisan kanji hang ana ring jerone gelang alit. Tapi mara-mara..

*"Abeoji... abeoji..."* peraeane Chun pucet ambi mberak nyeluk bapake.

Mister Son sakkal mara, aju takon nyang anake ana paran. Chun magih kaya wong mari ndileng jim, tangane gemeter ngelungaken gelang alit isun nyang bapake.

*"Oh My God!"* saiki Mister Son hang mberak. Ambi nuluh nyang isun, matane ngembeng iluh.

\*\*\*\*\*

Mister Son iki keturunan raja, getih ningrat. Embahe Mister Son bengen tepak magih cilik ilang ring alas, sampek puluhan tahun sing bisa balik nyang umahe. Sarta embahe wis sing ana, anake embahe yaiku bapake Mister Son, tahu nggoleti keluwargane, hang diweruhi mung aran margane yaiku Son, umahe keluwargane iku jare bapake gedhi, ana patung leluhur ring latar umahe

hang diubengi kolam iwak koi. Pirang ulan bapake Mister Son nggoleti, naming sarta ketemu lan tepak bapake Mister Son merana, keluwargane sing percaya, polae jare kabeh keturunan keluarga Son mesthi duwe tenger yaiku gelang alit mata mirah delima hang ring njerone ana tulisan kanji arane anake. Bapake Mister Son kala semana durung sugih, dianggep ngaeni keluarga ningrat. Sampek bapake sing ana umur, tetep sing diakoni nyang keluwargane.

Gelang alit iki, duwene embahe Mister Son hang tepak selamat teka alas magih dienggo, naming suwene suwe diedol polae butuh picis dienggo urip. Embuh kelendi ceritane gelang alit iki bisa nggadug nyang Indonesia, lan embuh paran Kersane Gusti Pengeran ndadekaken isun jalaran gelang alit iki ditemu nyang keturunan hang duwe.

*"Fitri, would you please release this ring for us? I will pay for this, just say a number."* Penjalukane Mister Son nyang isun.

Isun mung manthuk, kelendi nak tega sakwise rungu ceritane keluarga iki hang sing bisa diterima gara-gara gelang alit hang ilang iki.

\*\*\*\*\*

Sore Mister Son, Chun Cha lan rombongan wis balik nyang negarane. Isun sing tegel ngeregani gelang alite, naming Mister Son ninggali amplop nyang Pak Kepala kantor isun.

Sun bukak, ana tulisan tangane Chun Cha, *"You are my sister now, Fitri. We look forward to welcoming you to Korea."*

Ana picis akehe limangewu dollar!

# Peluncuran Buku Lancing Tanggung

"Isun bengen tau ngimpi duwe buku dhewek. Ana kertas hun gunting-gunting, hun dadakaken buku cilik sak gedhine buku tabungan. Ring samak ngarepe hun tulisi 'Lancing Tanggung', aju hun kilekaken nong banyu. Warahe, banyu iku pasare, pasar pembaca hang nuku bukunipun."

Gedigu jare Ahmad Muzakky El Fayed hang bisa mujudaken temenan impene kelawan ndadakaken 23 judhul cerita cendheke dadi buku temenan: Lancing Tanggung. Buku iku resmi diluncuraken tanggal 28 April 2019 ring Aula Plaza Telkom Banyuwangi.

Hang milu gesah, ana seniman, wartawan lan penulis cerita cendhek basa Using hang juwara taun sore, kategori SMP, SMA lan Umum. Kayata, Elvin Hendrata, Budiosing Setianto, Hasan Sentot, Moh. Syaiful, Satria Pujangga lan liya-liyane.

Jare pengamat budaya Banyuwangi hang uga duwe channel youtube Artevac, Elvin Hendrata, merga ceritane sak ubengane lalare enom, milenial digu istilah saiki, bukune Zakky iki bisa dadi wacanan hang digoleti lalare enom.

Emeh kaya novel, cerita ring kumpulan Lancing tanggung iki kaya ana taline hang muket teka sak judhul nyang liyane. Tokoh cerita hang numbul ring salah siji judhul bisa njumbuh maning ring judhul liyane. Taping ceritane magih bisa diwaca dhewek-dhewek lan bisa diwaca teka judhul hang endi bain.

Hang nggawe getem-getem, saben cerita ring pungkasan seru ngagetaken, hing nyana-nyana lan kadhang nggawe munyik.

Setemene, buku iki kudune dietokaken taun sore, tepak Pengumuman Lomba Ngarang Cerita Cendhek Basa Using ring ulan Desember 2018. Naming, Zakky magih semaya ana petang judhul maning hang magih durung bisa dipungkasi.

Ceritane sak ubengane lalare Boyolangu panggonane Zakky manggon ambi wong tuweke. Tokoh utamane iku Arip lan kanca-kanca sak sekolahan lan kanca memengan tangga umah. Arip iki setemene ndhemeni kancane Maria, taping cumpu Maria hang beda agama, dikuliyahaken apake ring Yogya. Tepak nggoleti Maria,

makene bisa Arip ngejak Wati kancane sekolah. Wati hang milu dodolan nong ngarep umahe, diesir ambi Rohim, kanca tangga umahe Arip. Setemene, ana Hasanah hang umahe parek pangklang sepur hang ngesir Rohim, taping hing direken ambi Rohim. Rohim kanggo nguataken niyate ngesir Wati, dibelani mondhok ring njaba kutha. Merga Arip ambi Wati metu hing kathik pamitan wong tuweke setuju gok lare loro iku dijodhohaken bain. Tepak arak-arakan kemanten, Rohim mulih teka pondhokan kanggo preiyan, cumpune atine keranta-ranta sarta weruh gok Wati disandhing kanca rakete. Rohim sampek mbelayu megawe ring Bali taping mulih nang Banyuwangi sampek nemoni pesthine.

Ana pisan cerita serial nyeritakaken Pia hang mbelayu ambi sir-sirane hang bengen merga jare wedi ambi embahe rabine hang jare bengen tukang santet. Serta wis pirang taun, lakine hang ditinggal iki kecaruk maning nong Bali. Cerita iki judhule *Kursi Kemanten*, tau dadi cerita cendhek Terbaik 2 ring kawitan Lomba taun 2013. Judhul terusane, *Ketapang-Gilimanuk* malah hing ulih paran-paran ring Lomba taun sak mareke. Liyane *Kursi Kemanten*, ring kumpulan cerita iki, ana cerita cendheke Zakky hang wis tau dadi pemenang, yaiku: *Indun lan Pindho*.

Kanggone Zakky lan lare Using Boyolangu liyane, basa Using wis dadi sega jangan, dadi hing maido kadhung basane enak, lan malah akeh dialek-dialek Boyolangu hang metu ring naskahe. Umpamane wong Boyolangu kerep nyingkat omongan lan nganggo 'paen' dudu 'paran'. Lan lancing (lan perawan) tanggung ring Boyolangu dadi lan uripe ring tangane Zakky. Pintere Zakky, nyeritakaken kedadeyan sedina-dina ring uripe wong Using, dadi bahan hang nggawe guyu, kelayu lan kelayung. Ceritane akeh ngewani ipat-ipat hang diadhepi wong urip ring donya, wong anggak dadi kelenggak (Bima), hing kabeh uripe wong iku enak (Bonel Kanggo Julaiha), lan ati-ati ambi atinira (Pindho; Randha Kembang).

(WAN)

# BALAI BAHASA JAWA TIMUR

